

333

P
D

Bibl. Jav. Negara

TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

398
Sas
5

SERAT

BARÈS-KOERÈS

mbarèsaken tjarijos oetawi pratingkah.
ingkang ngodengaken.

ANGGITANIPOEN

GAMBÈR

ALIJAS

SOESILA SASRAPRAJITNA



Wedalan
BALÈ-POESTAKA
Weltevreden
1920



PNRI



Balai Pustaka



PNRI



Balai Postata

~~Hyd- 38-~~

390.2

~~152~~



PNRI



Balai Penelitian

S
D

Commissie voor de Volkslectuur Serie No. 333.



SERAT
BARÈS - KOERES

mbarèsaken tjarijos oetawi pratingkah
ingkeng ngodengaken.

ANGGITANIPOEN

GAMBÈR

ALIJAS

SOESILA SASRAPRAJITNA

Wewenangipoen ingkang nganggit serat poenika
kaajoman déning anger ing Staatsblad
taoen 1912 No. 600.

Kaeljap ing pangetjapanipoen

E. FUHRI & Co.

Soerabaia

1920.



PNRI



Rajai Postaria

B E B O E K A.

Koela noewoen menggah anggén koela ngangen-angen badé réka-réka nerangaken tjarijos oetawi pratingkalf ingkang ngo-dengaken, gegolonganipoen kawroeh goegen-toehon, poenika sampoen wiwit kala ing taoen 1911, anamoeng saben-saben badé koela leksanani, ladjeng kanggeg, koela boten kedoegi, djalaran sampoen roemaos katoenan ing boedi miwah ka-wroeh, soemawana dateng ing bab pangiketing poestaka. Ewa samanten sarehning doemoeginipoen samangké sampoen koela sirnakaken wongsal-wangsoel, meksa takslh toewoech-toewoech kémawon, dados boten kétang ingéseman ingakatah, déning toent pangsoning oekara oetawi kital miwah sigoeging tem-boeng, angen-angen koela ingkang paksa kawawa waoe inggih maksa koela wedalaken, poewoengan bokmanawi kénging kanggé mbolongaken manahipoen laré ingkang taksih boentoe.

Wasana panjoewoen koela dateng ingkang kapareng maos serat poenika, bilih wonten toena-doengkaping pamanggih koela, moegi-moegi keparenga ngloentoeraken sih pangaksama.

Begog, November 1915.

Koela poen
Gambèr S. S. Prajitna.



PNRI



Balai Pustaka



PNRI

6p

Selal Pustaka

SERAT BARÈS-KOERÈS.

Kala roemijin ing doesoen Kadiradja réh ing kaboepatèn Kalasan nagari Ngajogjakarta Adiningrat wonten satoenggiling tijang sampoen satengah toewoeh nama Kjai Mangoentéki, anak-anak gangsal djaler sadaja, pambadjengipoen dados abdidalem Mantripolitie wonten ing Sandèn, kaparingan nama Ngabéi Djajawitjara, panggoeloe saha pandadanipoen sami dados abdidalem Tjarik wonten ing Koelonpraga, kakanging woeragil taksih laré kadoegi oemoer gangsalwelas taoen, nama poen Kajat, déné woeragilipoen kinten-kinten saweg oemoer tigawelas taoen anama Kajoen.

Laré kekalih waoe mentas medal sakihg pamoelangan dèrèng sami loemampah ing damel.

Katjarijos ing satoenggiling dinten wantji bakda asar poen Kajat lan Kajoen sami gegineman kados inggandap poenika:

Kajoen: „Akoe lan kowé wis kerep kroengoe tjarita sagara, nanging doeroeng taoe weroeh sapisan-pisana. Kang ikoe jén kowé gelem, bok ajo sésoek pada tilik kakang Djajawitjara ing Sandèn, saka kana sagarané djaré moeng kari teloeng pal, dadi jén ndeleng lakoené ora rekasa.”

Kajat: „Ija betjik, nanging ora kena ngoengkoeraké wong toewa, koedoe njoewoen idi disik marang bapak, kepareng lan orané.”

Kajoen: „Ija, ajo ta.”

Kajat kalijan Kajoen ladjeng sami ngadep bapakipoen; kaleres saweg linggih ing lintjek, sakiwaning langgar, ningali kebon-ipoen isi tetaneman toewin pepetétan awarni-warni, kados ta: djeram, djamboe, sawo Menila, dlima saha sapanoenggilanipoen.

Kjai Mangoentéki: „Lo, kok kadingarèn lé kowé pada bareng-bareng pating klésod, arep ana perloe apa?”

Kajat: „Koela-noewoen menawi bapak nglilani bédjing-éndjing koela kalijan Kajoen badé toewi dateng Sandèn, ngiras ningali saganten.”



Kjai Mangoentéki: „Lo, apa kowé wis pada werbeh dalané?”

Kajat: „Koela-noewoen dèrèng, noewoen inggih mangké wonten ing margi takèn-takèn.”

Kjai Mangoentéki: „Bokné, mrénéja!”

Njai Mangoentéki: „Inggih.”

Kjai Mangoentéki: „Koewé lo djaré anak-anakmoe sésoek arep pada tilik kakangné menjang Sandén, kambi arep ndeleng sagara.”

Njai Mangoentéki: „Lah bok inggih kadjengipoen, tijang saplok kakangipoen wonten ngrika dèrèng naté toewi.”

Kjai Mangoentéki: „Lo, doedoe sing mengkono, mengko kowé gawéja panganan apa-apa, dienggo ngoléh-oléhi anakmoe sing toewa.”

Njai Mangoentéki: „É, lah, keleresan sanget, koela inggih sampoen sir badé dedamelan, djalaran wingi sampoen toembas ketan, mangké koelá réka-réka.”

Ing wantji bakda isa Njai Mangoentéki damel panganan wonten ing pawon, karéntjangan réntjangipoen djaler-éstri, Kjai Mangoentéki njerat wonten ing grija, Kajat kalijan Kajoen sami djedjagongan wonten ing pandapa. Boten antawis dangoe sami mireng soewara pating grombjang binaroeng pambengokipoen tijang, ngoendang-oendang laré nama Ali, loemampah ngaler ngidoel, ngétan ngilèn awongsal-wangsoel. Poen Kajoen witjanten: „Kang, kaé soewarané wong nggoléki botjah digondol wé-wé apa?”

Kajat: „Ija, kaé rak si Ali sing digondol.”

Kajoen: „Hem, kok nggoejokaké, djaré wewé nggondol botjah ikoe, jèn kroengoe taboehan mengkopo koewé, ndjogéd, botjah diséléhaké, dadi konangan karo kang nggoléki. Samangsa ora ditaboehi, wewé ora ndjogéd, botjah digawa baé, sing nggoléki ora weroeh, lah wong wewé ikoe bangsa*aloes. Apa ija mengkono ta kang?”

Kajat: „Ija djaré. Lah oléhé ngalor maoe kaé rak arep digoléki menjang wringin babrik boebrah, oléhé ngidoel arep digoléki menjang ngelo podjok désa kana kaé, krana wit loro maoe djaré dienggoni ing wewé, déné oléhé ngétan ngoelon ikoe moeng bokmanawa ketemoe saenggon-enggon.”

Kajoen: „Ija kang, djaré wewé ikoe, jén arep nggawa botjah ngaton woedjoed bibékné oetawa ninékné botjah maoe, nanging jén wis tekan ngomahé, ija bandjoer malih dadi wewé manéh, kopéké sabantal-bantal, dridjiné sagedang-gedang Ambon, toemoeli botjah ikoe maoe diwénéhi sega tlétong lawéhé tjatjing. Apa ija kang?”

Kajat: „Ija, omongé oewong-oewong pantjén, mengkono.”

Antawis kalih djam malih soewara ingkang kepireng kala waoe poenika këndel, kagantos soerak-soerak saha alok-alok: „Ketemoe, ketemoe.”

Kajoen: „Lo, kaé kokana wong alok ketemoe-ketemoe.”

Kajat: „Kaé rak si Ali ketemoe. Nèn!”

Senén: „Koela!”

Kajat: „Djadjal tilikana wong soerak-soerak kaé lajaké si Ali ketemoe, takona ketemoené ana ngendi?”

Senén: „Inggih.”

Senén késah, boten let dangoe wangsoel, ladjeng tjarijos: „Anoe Goes, kepanggihipoen wonten ngandap doerèn, wonten kebonipoen pijambak podjok lér wétan. Sampoen Goes, koela badé ngréntjangi ingkang embok.”

Kajat „Ija, wista mranaa.”

Kajoen: „Kang, akoe kok ora mangerti, botjah digondol ing wewé ikoe, sabeneré kaprijé?”

Kajat: „Kowé weroeh déwé, soré maoe si Ali digeboegi embokné, bandjoer poerik ndelik. Bareng digolèki soewé ora ketemoe, loemrahé di arani digondol ing wewé, toemoeli digolèki manéh nganggo taboékan kaja maoe kaé.”

Kajoen: „Jén mengkono, angger oléhé nggolèki tlatèn mesti ketemoe, dadi taboahan ikoe ora ana perloené.”

Kajat: „Ija bener, nanging, jén oléhé nggolèki meneng-menengan baé, botjah ikoe ora soemoeroep, jén awaké dadi golékan, ndadékaké soesahing wong toewané, roemasané ditégakaké, dadi tambah seriké, temahan mempeng oléhé ndelik nglaloe ora soemedya moelih, dadi angèl golék-golékané; balik ditaboehi ngalor ngidoel ngétan ngoelon, dioendang-oendang nganti kesel, botjah ikoe roemasa, jén déwéké noesahaké wongtoewané temahan

toekoel welasé, bandjoer soemaoer oetawa ngaton, dadi golék-golékané gampang."

Kajoen: „O, mengkono, nanging djaré sok ana botjah digondol wewé, ora marga digeboegi.”

Kajat: „Ora marga digeboegi, ija marga disrengeni, oetawa ngandoet serik marang wongtoewané, Wongtoewané ora soemoeroep.”

Kajoen: „Lah djaré wewé ikoe jén ngaton awoedjoet wong wadon gedé doewoer, kopéké sabantal-bantal, dridjiné sagedang-gedang Ambon, ikoe kaprijé?”

Kajat: „Lah ikoe rak moeng kanggo medèni botjah tjilik.”

Kajoen: „Ana manéh, djaré oewong jén nemoe popok wewé bandjoer dadi soegih, ikoe kaprijé?”

Kajat: „Ija, bangsakoe Djawa ikoe pantjén demen omong kang ora-ora, toenggalé wong omong, djaré jén weroeh kembang elo ikoe bakal oléh kabegdjan, nanging ikoe goroh.”

Kajoen: „Jén ana wong ngakoe déwé oléh popok wewé oetawa weroeh kembang elo ikoe kaprijé?”

Kajat: „Ikoe omongé wong kepéngin diarani loewih, déné bisa weroeh barang ora katon.”

Kajoen: „O, dadi mengkono, saiki bolong atikoe.”

Kjai Mangoentéki witjanten saking salebetin grija: „Kajat, Kajoen! kowé sésoek arep noenggang sepoer sing mangkat djam pira?”

Kajat: „Koen (koela-noewoen) saking pangangkah koela djam woloe.”

Kjai Mangoentéki: „Jén mengkono sésoek pada mangkata saka ngomah djam lima, perloené laokoemoe ora kesoesoe.”

Kajat: „Sandika.”

Kjai Mangoentéki: „Bokné, oléhmoe gegawéjan oewis ram-poeng apa?”

Njai Mangoentéki: „Sampoen, saweg dipoen wadahi.”

Kjai Mangoentéki: „Gawanen mréné, akoe tak ngitjipi, karo anak-anaké kaé pada wénéhana, jén wis karébén pada toeroe, wong sésoek arep pada mangkat peteng, jén moléké kewengén, sésoek moendak pada kerinan.”



Njai Mangoentéki: „Inggih.”

Sagon, krasikan, satoe damelanipoen Njai Mangoentéki ladjeng kawedalaken sapalih, ingkang sapalih badé kanggé angsal-angsal dateng Sandèn. Sasampoenipoen sami ngitjipi panganan, tijang sagrija ladjeng sami mapan tilem.

Ing wantji djam sakawan éndjing Senèn sampoen tangi nggodog wédang, rëntjang éstri betak badé kadamel sarapan. Kjai Mangoentéki kalijan sémahipoen sami lelinggihan, Kajat kalijan Kajoen sami adoes, toemoenten dandos.

Sareng sampoen ngadjengaken djam gangsal Kajat kalijan Kajoen sami pamitan dateng tijang-sepoehipoen.

Kajat: „Koen, saréhning sampoen ngadjengaken djam gangsal, koela kalijan Kajoen njoewoen pangëstoe badé pangkat (bidal)”. •

Kjai Mangoentéki: „Mengko disik kowé pada taktoetoeri. Mengko jèn wis tekan ingomahé kakangmoe, sing pada ngati-ati, adja pisan-pisan katon ing semoe koerarg andap asor, ipémoe kaé poetri.”

Kajat lan Kajoen: „Sandika.”

Kjai Mangoentéki: „Bokné, wista anaké iki gék (agé) diwénéhi sepoeran, gegawané digawakaké.”

Njai Mangoentéki: „Enja Jat, sangoené gawanen, wong kowé sing gedé, adiné karebèn nggawa boentelan. Sangoené saroepijah rak tjoekoep ta?”

Kjai Mangoentéki: „Eh, lah bok ija diimboehi ta satengah manéh, karebèn ana toerahané dienggo toekoe rokok.”

Njai Mangoentéki: „Nja lé takimboehi satengah, dadi sangoené karo tengah.”

Laré kalih: „Noewoen embok.”

Kjai Mangoentéki: „Ja wis mrana pada mangkata, akoe lan embokmoe njangoni slamet. Sing pada ngati-ati, wong isih peteng.”

Laré kalih: „Inggih.”

Kajat lan Kajoen toemoenten bidal, lampahipoen mangidoel. Kala samanten pinoedjoe petengan, anamoeng lintang-lintang taksih sami abjor, langitipoen padang soemilak pinda sinapon, boten wonten méga ingkang koemaliwer, tepining langit

ingkang sisih wétan sampoen wiwit semboerat abrit, déning prabanipoen Sang Hjang Bagakara ingskang badé madangi djagat, kaloeroeking sawoeng miwañ otjèhing peksi sampoen wiwit kepireng, adamel ajemipoen tijang loemampah. Kajat lan Kajoen sami sakétpia lampahipoen, anamoeng kaganggoe déning asreping hawa mangsa bediding, amila ladjeng sami ngrokok sinambi gegineman kalijan loemampah.

Kajat: „Kajoen, delengen langit ikoe asriné ora djamak.”

Kajoen ningali kéblat sakawan gangsal pantjer ngantas dangoe.

Nalika larè kekalih waoe noléh mangalér, toemingal redi Merapi satweg moeroeb, latoenipoen katingal njremomong medal ndaledeg tanpa kendat, ndlédék dawah ing sisih wétan.

Poen Kajoen witjanten: „Kang oeroebé goenoeng Merapi wéla-wéla temen dineleng saka ing kéné. Jén akoe ndeleng mengkono ikoe, bandjoer kelingan djangkané Adji Djajabaja ing Kediri, djaré tanah Djawa iki bésoek bakal roesak déning pandjebloegé goenoeng Merapi, Soembing lan Sindara apadéné Seméroe, temahan toegel dadi teloe.”

Kajat njambeti kalijan loemampah: „Ija, djangka mengkono ikoe pantjén njilik-njiliki atiné wong djerih, ananging moeng goeh ing wong kendel ora was pisan-pisan, krana ora patoet manoesa wedi nglakoni wadjibé. É, mengkono ikoe jén djangka maoe benera.”

Kajoen: „Apa djangka maoe ndadak ora bener? Mangka nitik pandjangkané para linoewih ing koena-koena, kang saiki wis kelakon, pada bener kabéh, kajata: djangka dék djaman Boeda, djaré wong Djawa bakal nganggo agama Islam kok bener, kaja anané saiki, djangka kang mbałang ing tanah Mataram bakal ana Ratoe loro, kok ija bener, kadadéan saiki ana kraten Soerakarta lan Ngajogjakarta.”

Kajat: „Ija nanging djangka mengkono ikoe rak tarpa waton, watoné moeng kira-kira, lah apa kira-kira mesti bener? Déné jén bener ikoe rak moeng lagi kapanoedjon, lan manéh djangka ing koena lang saiki wis ana njatané, ikoe pangrasakoe panoelisé kari, nirokaké apa kang wis kelakon, lah ija mesti

tjotjogé. Moelañé akoe doeñé panemoe mañgkono, krana manoesa kang kaseboet asotja Batara, weroeh sadoeroengé winarah, ikoe moeng pangaran-aran baé, njatané ora ana.”

Lampahipoen laré kekalih sampoen doemoegi ing doesoen Saragenèn, ladjeng ménggok manggilèn, oeroet margi ageng. Ingrikoe sampoen katah bakoel bakoel oewos djaler éstri pating gendijeg mbekta daganganipoen badé kasadé dateng nagari, lampahipoen ngglijak, tijangipoen éstri sahi njanbi sesindénan atjengklang-tjengkling, djaleripoen ingkang njenggaki; samangsa sa dawah ing pada dipoen gongi kalijan tjangkem, adamel resepé sesarenganipoen loemampah. Poen Kajoen witjanten: „Kang, bakoel-bakoel beras ikoe seneng-seneng temen atiné, ora ngrasakaké aboting gegawané, mangka adaté ikoe wong wétan kikis, angkaté saka ngomah mbokmanawa wis maoe djam teloe dadi mestiné rak ija kesel banget, koberkoberé tembangan.”

Kajat: „Kesel ikoe rak toemrapé wong ora taoe, toemrapé kang woes koelina kaja bakoel-bakoel ikoe kapénak baé. Wroehanamoe, bakoel-bakoel beras ikoe kena kanggo tanda jekti, jén kasenengan ikoe ora moeng doemoenoeng ing wong kang tinitah soegih, loehoer lan moelja baé, ananging oega doemoenoeng ing wong sing narima ing pandoem, malah wong tinitah soegih, loehoer lan moelja, kang atiné melang-melang oetawa ngangsa-angsa, kasenengané kalah karo bakoel beras ikoe.”

Kajoen: „Adaté wong narima ing pandoem ikoe wedi istijar, lah apa betjik?”

Kajat: „Lo, adja seling soeroep, kang diarani narima ing pandoem ikoe ora kok moeng meneng baé, ija istijar, moeng jén lagi kena ing bebaja ora ndadékaké tjiliking atiné malah tambah ing pangati-atiné lan ora pedot pratjajané marang pitoeloeng-aning Pangéran, ora kaja si Kasan - Rachmat ing Sambirata, bareng kemalingan enték pitoengatoes roepijah bandjoer emoh sembahjang, roemasané wis sembahjang ija isih kemalingan enték samono, moelané jén doewé doewit manéh angoer ginawé ngoembar kasenengan, dadia enték éwon, krasa ingawak.”

Mangkono ikoe panemoené wong sasar-soesoer, wasana nemoe kasoesahan sapirang-pirang, pepadané si Kerta pandé soegi ing Geneng, wiwitané kekétjon enték-entékan, ananging bandjoer panggaota lan geminé ngoengkoeli sing oewis-oewis, doeroeng nganti limang taoen wis soegih manéh, toemoeli kobongan ija enték-entékan, saiki panggaota lan geminé ditambahi manéh, ora nganti lawas ija bandjoer soegih manéh, doemadakan bodjoné lara nganti lawas, bandané si Kerta enték ginawé nambakaké, ananging tanpa goena, bodjoné sida mati déning lelarané maoe; wasana si Kerta roemasa awaké woes pinasti déning Pangéran ora bisa soegih, moelané wiwit samana bandjoer demen ngabotohan, temahané nemoe sangsara atoempatoempa.”

Kajoen: „Apa pangrasané si Kerta ikoe ora bener? Wong wis soegih nganti teloeng rambahan, kok isih mlarat-mlarat baé, déning këhing sandoengan, ikoe apa doedoe tanda jèn woes pinasti mlarat?”

Kajat: „Ora ana manoesa weroeh ing pepestèn, moelané lakoné doeroeng kena diarani pesti, jèn dèwéké doeroeng toemeka ing pati.”

Kajoen: „Kandamoe kaja-kaja bener kabèh kang, moeng prakara peték saiki arep dak goenem manéh, krana akoe weroeh déwé Kjai sing bener petéké.”

Kajat: „Tjaritaknal!”

Kajoen: „Dék kowé sowan oewa ing Sawangan akoe diadjak pak Prendjak madoekoen menjang Kjai Radjak ing Ngentak, nakokaké apa sababé déné dèwéké tansah disrengeni ing toewané; Kjai Radjak, sawisé mboekak primboné sing kloewoek-kloewoek bandjoer ngiling-ilingi menjané wasijat, wasana tjalatoe kambi gédég-gédég: „Wéh, wéh, sétan, sétan, wong kaja mangkono roepané bendaramoe koewi.”

Pak Prendjak: „Kadospoendi Kjai?”

Kjai Radjak: „La ila hailallah Moehammaddoer Rasoelallah, wong toewanmoe katoné ing kéné mengkono roepané, oelaté mbesengoet baé, kaja arep ngletak-ngletaka karo oewong, patoet baé gawéné srengéngé.”

Pak Prendjak: „O, kadospoendi Kjai, boten langkoeng inggih namðeng njoewoen berkahipoen Kjai, sageda koela wiloedjeng.”

Kjai Radjak toemoeli noëlis radjah, diwéhaké pak Prendjak dikon ngandoet sasoewéné loemeboe njamboet gawé, pak Prendjak awéh tindih marang kjainé saringgit.

Sing dakérami ikoe kjai Radjak maoe katik bisa weroeh marang toewan bendarané pak Prendjak ana ing menjan, plek karo njatané.”

Kajat: „Ikoe akalé wong ngapoesi. Sabeneré bisané si Radjak njaritakaké roepané toewan maoe, amarga wis taoe dadi bahwahé, nalika déwéké isih dadi bekel, ing menjan mesti ora ana apa-apa. Déné sarat maoe tanpa gawé, angger pak Prendjak oléhé njamboet gawé ora ngati-atí.”

Kajoen: „O, lah, dakarani oléhé weroeh menjang toewan maoe saking (saka ing) awasé. Nanging dèk kweekeling Mas Sastra mentas-examen Goeroebantoe ora dibenoem-benoem, djaré ija madoekoen menjang kjai maoe, njoewoen sarat, soepaja énggala dibenoem (ditetepaké). Bareng kjai Radjak wis mboekak primbon lan ndeleng menjan, bandjoer kanda jén Mas Sastra koe-doe ketemoe karo toewan, toemoeli awéh sarat.

Temenan doeroeng let sasaki Mas Sastra ditimbali Inspec-teur, ditari arep ditetepaké dadi Goeroebantoe, nanging nganggo dielih.”

Kajat: „Bisané si Radjak omong mangkono maoe, déning wis weroeh, jén panggedéné bangsa Goeroe ikoe toewan, wis mesti emboeh lawas emboeh ora, ija bakal ketemoe karo toewan, nanging saoepama ditakoni, ketemoené besoek apa, lan toewané kaja apa, mesti wangsoelané „emboeh, ing kéné ora moeni.”

Lan manéh oepama doekoen ikoe benera, tenéh nagara ora kersa ngingoe President Landraad bajaré atoesan, milih doekoen sing mangkono ikoe baé, dibajar sèket roepijah ndalera sasaki rak gelem, mengko jén ana wong prakaran, doekoen dikon ndeleng primbon lan menjané, dikon noedohaké endi wong sing ala atiné, dadi gampang kari ngoekoem; jén ana doerdjana ora ketjekel, doekoen ditakoni, malingé kaja apa, dadi gampang oléhé nggoléki. Nagara kok ora ngingoe doekoen peték.

Kajoen: „Ija kang bener kowé. Lah prakara préwangan kaj déné patrapé Katinem kaé keprijé, témenan apa ora?”

Kajat: „Tjaritakna, wong dék Katinem menjang enggoné déwé akoe ora weroeh.”

Kajoen: „Mengkéné, Katinem ikoe tekané betjak-betik kaja loemrahing akéh, nanging bareng ditakoni tambané botjah lara lan doënoengé barang ilang, bandjoer salin sréngat, olate pandirangan, ndjaloek poepoer, kembang lan pangilon ginawé dandan, noeli ndjaloek sega, segané menjan, saiki ngandakaké apa kang ditakoké. Enggoné omong sapirang-pirang ikoe pélo, lan bareng ditakoni: sapa djenengé ngendi omahé, wangsoelané; aran Rara Mintarsih saka sagara Kidoel, wasana ndjaloek boender-boender kang poetih-poetih, nanging bareng diwénéhi boenderan kertas’emoh, ndjaloeké doedoe ikoe (doewit poetih).”

Kajat: „Ikoe oega akalé wong ngapoesi. Satemené prakara tambané botjah lara maoe si Katinem woes soemoeroep saka anon tiron, déné weroehé marang doenoenging barang maoe moeng saka kira-kira oetawa manoet pétoengan kang ora kena dioegemi, ana déné enggoné pélon ngakoe aran Mintarsih saka sagara Kidoel ikoe mangarah diandela saomongé lan ditoeroetana sapandjaloeké, nanging apa tambané maoe marasaké lan petéké bener rak doeroeng mesti.”

Kajoen: „Tambané marasaké lan petéké ija bener.”

Kajat: „Ikoe moeng lagi kebeneran baé, bésöek lawas-lawas mesti bakal kewijak gorohé, krana akal mangkono ikoe ora tinemoe ing nalar.”

Kajoen: „Ija kang, saiki akoe kelingan, ora soesah bésöek dék Katinem nambani anaké Setja bijén, ora mari malah larané banget.”

Kajat: „Lah, jaikoe.”

Kajoén: „Lah prakara wisik kaprijé kang, kena dienoet apa ora, kaja déné omongé kjai Malik ing Plasakoening bijén kae?”

Kajat: „Tjaritakna manéh ta, lagi tekané kjai Malik akoe kebener ora ana ing omah.”

Kajoen: „Dong dina Minggoe kira-kira djam sawelas awan Kjai Malik teka, bapak lagi lenggah ing pandapa. Sawisé

dimanggakaké lan dibagékaké, Kjai Malik bandjoer tjetelatoe mengkéné:

„Koela noewoen kangmas! Menggah anggén koela tebih-tebih, sijang-sijang sowan mriki, boten ngétang sajahing badan miwah bentéring soerja poenika namoeng katarik saking tresna koela dateng kangmas. Bilih koela boten sowan mriki, bok manawi kangmas manggih sangsara.”

Bapak: „O, inggih sanget noewoen di, déné adi rawoeh mriki, namoeng perloe nedahaken tresnanipoen adi dateng koela, boten mawi nggalih tebihing lampahan, sajahing salira, miwah bentéring soerja; namoeng koela ragi kagét, déné adi ngendika, koela badé manggih sangsara, poenika sangsara kadospoendi?”

Kjai Malik: „Makaten kangmas djlentréhipoen: Sampoen sawatawis dinten laminipoen koela ngingirangi neda tóewin tilem, malah kala malem Djoemoewah waoe daloe boten nglijep sakedik-kedika. Kinten-kinten djam tiga koela linggih sèndèn saka teka tampi wisiking Pangéran oengelipoen makaten;

„Moenggoeh asri-asrining dedeléngan ingalam donja ikoe ora ana mánéh kadjava moeng lodji ing Kadiradja lan Magoe-wa, déning doenoengé lodji loro maoe djédjér lempeng kaja sini pat, apadéné kawatesan ing kali Koening. Djalaran saka asri ngoengkoel-oengkoeli ikoe, lodji loro maoe bakal kena sapoe-dandaning Pangéran, leboer déning bandjir bandanging kali Koening; éwa samono jén toewan-toewan kang doewé lodji maoe gelem sesaret, hebaja maoe ora bakal toemeka. Déne moenggoeh saraté mangkéné:

Ing watesé bawahing toewan loro maoe diket-ketana sèket roepijah, dimat-matana pitoeng semat, ditalénana satoes talén; doewit ikoe kabéh kapendema ing wates kono, noeli sedekaha memoelé marang danjang asmara boemi, kakepoengna ing wates maoe, déné kang ngepoeng ngamoengna santri pitoe, slawaté mitoeng semat.”

Lo poenika kangimas, sangsara ingkang badé dateng, samangsa boten dipoen sarati. Risakipoen lodji kekalih noewoen inggih risakipoen kangmas sagarwa poetra miwah tangga tepalih,

poenapa déné tetijang sakiwa tengen ngriki sadaja, mila saking atoer panoewoen koela, kangmas matoera dateng toewar, katoerana énggal sesarat."

Bapak: „O, di, moegi sampoen ndadosaken panggalihipoen adi, koela boten saged noeroeti pamoendoetipoen adi poenika, adjrih kadalih ndleming, djalaran para toewan temtoe boten nggalih naiar ingkang makaten, lan malih menggah ing koela begdja tjlaka poerika namoeng soemarah ing Pangéran ingkang moerbèng alam.”

Kjai Malik: „Poenapa boten sampoen wadjibipoen, manoesa poenika istijar, bilih botena, poenapa boten nama kainan, kalian malih wragad sesarat waoe toemrapipoen toewan rak namoeng sapélé kémawon, bilih katimbang perloenipoen?”

Bapak: „Inggih kasinggihan di, anamoeng istijar kados ngandikanipoen adi poenika éwet ing panampi koela, déné wonten bebaja teka kénging katoelak sarana sedekah sekoel miwah jatra, éwa déné saking pamanggih koela prajogi adi kémawon pinanggih kalian toewan pijambak.”

Kjai Malik: „Poenapa kangmas boten pitados dateng wisik waoe? Prakawis kepanggih toewan koela sampoen trimah boten, adjrih kadalih badé ngapoesi déning dèrèng naté tjantoe lawoeng.”

Bapak: „Lo inggih pitados di, namoeng goemoen, déné wonten wisik samanten galeroepoén, tjarijosipoen wisik poenika namoeng satoenggal, oetawi kalih, njengkanipoen dateng tigang oekara.”

Kjai Malik: „Prakawis poenika koela soemangga ing panampi, sok sampoena koela matoer, dados ing tembé bilih wonten poenapa-poenapa, koela boten keparan toetoeh.”

Bapak: „Inggih ta di, koela manah-manahipoen roemijen.”

Sawisé mengkono bandjoer ngendikan lija, sinambi ngoendjoek wédang, toemoeli pada dahar.

Lah ikoe kaprijé kang. Apa kjai Malik ikoe moeng soemedya ngapoesi baé? Nanging temboengé kok roentoet temen.”

Kajat: „Sing sapa kroengoe temboengé si Malik, mesti ngerti jén ikoe apoës. Sanadjan panatané roentoet, déné ana ket-ket

séket roepijah, mat-mat pitoeng semat, lán tali satoes talén, ananging jén woes pinikir temenan, ora soesah soemelang manéh, jén ikoe apoes blakå, krana kang sineboet wisik ikoe ora lija osiking ati, moelané koedoe prajitna, adja nganti kaja kraman kang nemahi pati oetawa binoewang marga manoet ing wisik, oléhé tetapa ana ing goenoeng, ing kali, ing pasisir lan panggonan lijané. Wisik mangkono maoe loemrahé diarani wisiking demit, doedoe wisiking Pangéran.”

Kajoen: „Keprijé bédané wisiking Pangéran karo wisiking demit?”

Kajat: „Wisiking Pangéran ikoe osik kang noentcen marang karahajon ora nerak laranganing agama oetawa nagara, ~~wisiking~~ demit ikoe kosok baliné.”

Kala samanten lampahipoen laré kekalih sampoen nglangoengi kretegipoen lèpèn Tambakkajan, lampahipoen ragi soemengka. Ingrikoe sampoen katah tijang késah dateng peken, dateng sabin, dateng lèpèn, sawenéh dateng belik, mitoeroet kapreloeanipoen pijambak-pijambak, djalaran sampoen bjär.

Poen Kajat lan Kajoen oegi toemoet wisoeh dateng belik. Ing sandingipoen belik waoe wonten toempeng, oeroebing damar, sekar boréh, djenang abrit, sami kawadahan ing antjak alit, kebo (toentoet kaista maesa asingat batok, asoekoe deling), miwah doepta. Kajoen witjanten: „Eh, kok ana boewangané belik iki, apa angker ngono?”

Tijang éstri ingkang kaleres ngadeg ing ngrikoe mangsoeli: „O, enggih Goes! Wingi ontén laré njepeng oelam ngrikoe, sareng mantoek, doegi ing grijá empoen kasrepén, roepiné diganggoe kalih Masagoesé sing mbaoe reksa, milané nikoe diteboesi kadjengé salé ngganggoe boten di ladjengaké.

Laré kekalih mangsoeli sareng kalijan ngladjengaken lampahipoen: „O, o, enggih, enggih, bener, bi.”

Sareng lampahipoen watawis tebih saking ngrikoe „Kajoen witjanten: „Omongé wong wadon maoe kaé kok nggoejokaké apa ija temenan mangkono ikoe, kang?”

Kajat: „Wong wis genah-genah katik kok takokaké, larané botjah maoe mesti wis krasa-sadoeroengé tekan ing belik, déné

sababé emboeh saka kasengka ing gawé, emboeh apa, nanging mesti ora marga sing toenggoe belik."

Kajoen: „Apa ora sabab saka adoës lagi kringeten?”

Kajat: „Toemrapé botjah désa adoës lagi kringeten ikoe ora dadi ngapa, krana wis toeman.”

Kajoen: „Ija, ja. Lah sing omong jén larané maoe diganggoe demit ikoe sapa?”

Kajat: „Sing omong doekeoen, kang dikon nambani larané botjah maoe, sing akén neboesi (mboewangi) ora kena kari pitik ija doekeoen ikoe.

Kajoen: „Lah, déné maoe kaé pitiké ora kétok.”

Kajat: „Pitik wis digawa moelih ing kjai doekeoen, ana ing kono moeng tjinantjang sadéla ginawé ila-ila.”

Kajoen: „Ija kang sanadjan ora diteboesi angger gelem mangan pil kenini oetawa ngombé kastroli rak ija ilang larané, dadi sadjén teboesan sapepaké maoe rak tanpa gawé?”

Kajat: „Ija, toemrapé marang wong kang pinter, anaging toemrapé wong bodo, teboesan maoe agawé ngati-atiné samangsa ngambah ing kono, ora gelem sawenang-wenang, ngregedi oetawa ngobak-obak banjoe, krana banjoe maoe diombé ing wong akéh.”

Kajoen: „O, ija, saiki akoe wis ngerti, dadi dèk akoe ketjem-ploeng bloembang, bandjoer diteboesi; pinggiring bloembang diboewangi bijén kaé preloené ija moeng wong kang ngambah ing kono adja pada sembrana, nanging toemrapé wong pinter moela tanpa goena, krana sanadjan ora ana apa-apané ija ora gelem sembrana, dadi boewangan maoe padané kotékan kang ginawé noelak grahana oetawa oedan awoe.

Kajat: „Ija. Nanging kotékan maoe njatané áwéh sasmita, jén ing waktoe ikoe ana grahana oetawa oedan awoe, temahan wong-wong pada ngati-ati bok manawa ana tjoblang.”

Lampahipoen Kajat kalijan Kajoen sampoen doemoegi ing pasanggrahan dalem Ngabar-roekma.

Sakiwa tengening margi boten tebih saking sekétenging pasang-grahan-dalem waoe wonten pepatjoeh oengelipoen makaten:

„Nenoempak medak, toedoeng bikak, songsong mingkoeb, grobag boten kēnging loemebet.”

Poen Kajoen witjantea: „Kang, saben-saben akoe ndeleng pepatjoeh ikoe goemoenkoe ora enték-enték; sing koedoe dihoermati ikoe sekéteng apa wit-witan, apa dalem soewoeng ikoe? Saoepama neraka apa ija koewalat?”

Kajat: „Hoes, adja omong-omong sing mangqono, jén kepireng ing prijaji moendak diésemi. Wroehanamoe, moenggoeh ing abdi oetawa kawoela-dalem wadjib bānget ngloehoeraké ing Sampéjan dalem Ingkang Sinoehoen, dalasan pasanggrahan-dalem baé ija koedoe dihoermati. Oepama ana kang nerak mesti kena ing sisikoe, koewalat, jaikoe kapatrapan paoekoeman sapantesé.”

Sareng lampahipoen Kajat lan Kajoen doemoegi ing balapan, ing ngrikoe kaleres wonten satoenggaling panegar saweg ngadjari kapal, kapladjengaken noeroet margining balapan. Kapal ingkang dipoen adjari waoe alit, nanging warninipoen bagoes saha banter. Poen Kajat wijatnten: „Kajoen, delengen panegar ikoe, wangoené panegar ing wétan kali (Pakoealam) katara saka anggon-anggoné tjara Sala, djarané ikoe wangoené titihan-dalem Kangdjeng Goesti. Lah ja wong kagoengané prijaji gedé, sanadjan tjilik ija bagoes toer banter.”

Kajoen: „Ija kang, akoe jén weroeh djaran bagoes, bandjoer kelingan tjritané djaran Margawati, (¹) djaré: wong wong ing désa Margawati ikoe, angger doewé djaran meteng, diombèk-aké menjang poetjaké goenoeng Tapakjang, perloené soepaja anaké dadi djaran betjik banget, djalaran banjoe kang diombé ikoe ombèn-ombènzané djaran sembrani ing koena, ananging akéh kang mati dèning ora koewat, moeng djaran kang koewat, moenggah bisa ngombé banjoe maoe, anaké kena kapesték-aké betjiké.

Kajat: „Apa kowé ngerti karepé tjarita ikoe?”

Kajoen: „Kaprijé bisa ngerti, krana tjrita ikoe mbingoeng-aké, déné ana banjoe, doeméh tilasing djaran sembrani, bisa agawé betjiking belo.”

(¹) Doesoen Margawati wonten ing salebetipoen afdeeling Tomanggoeng, paresidénan Kedoe,

Kajat: „Ikoe mengkéné genahé: Djaran meteng sing bisa ngombé banjoe maoe djaran sing koewat moenggah ing poe-tjoeking goenoeng, dadi djaran pilihan, woes mesti anaké ija betjik, dadi betjiking belo ikoe ora déning banjoe, déning bijoengé. Patrap ikoe perloéné moeng njoemoeroepi djaran banter lan ora, jén banter bisa ngombé banjoe maoe, jén ora mati; ananging mangkono ikoe ora betjik djalaran agawé patiné djaran kang ora koewat.”

Kajoen: „Ija kang, bener kandamoe ikoe. Lah djaran sembrani ikoe djaran apa, djaré djaran lelembouet, nanging jén akoe takon roepané kaja apa, ora ana wong wong weroeh, kabéh moeng lagi, kroengoe temboengé baé.

Kajat: „Temboeng: sembrani ikoe pamoring tempong sem lan berani, (¹) tegesé banter toer kendel, dadi kang sineboet djaran sembrani ikoe djaran kang kendel lan banter, saking banteré prasasat bisa maboer, moelané djaran sembrani ikoe tjritané bisa maboer.”

Kajoen: „Ija kang, saiki akoe wis moedeng. Elo kang, kok wis mèh satengah woloe, wis saiki adja omong-omong, lakoéné moendak rindik mengko jén kepantjal, bandjoer.”

Kajat: „Ija ta ajo, jag-gijag!”

Laré kekalih sami këndel anggènipoen gineman njengkakaken lampahipoen. Sareng sampoen mèh djam woloe, laré kekalih waoe sampoen doemoegi ing Station Toegoe, kaleresan lokèt sampoen bikak, dados ladjeng sami toembas kartjis, toemoenten noempak ing tram, perloénipoen sampoen ngantos boten kémanan enggén. Boten antawis dangoe tram mangkat. Sasa-renganipoen linggih laré kekalih waoe kapara tebih, wonten ingkang mbekta sawoeng petak móeloes satoenggal. Poen Kajoen witjanten: „Kang, djaré pitik poetih moeloes ikoe ana sawabé, sing sapa ngingoe ngangsaré dadi slamet, malah

(¹) Temboeng: sembrani saking tempong Kawi „sambara” tegesipoen *papan oetawi awang-awang*. Dadas djaran sembrani pikadjengipoen: „djaran kang ngambab ing awang-awang”

B. P.



njrambah marang tangga-tanggané, kang sok ngroengoe kloeroeké⁽¹⁾. Ikoe apa temenan?"

Kajat: „Moelané ditjaritakaké mangkono, djalaran pitik poetih moeloes ikoe, kadjabo bagoes roepané kerep dioepaja, ginawé slametan, dadi soepaja akéh wong demen ngingoe.”

Kajoen: „Apa pitik lijané ora kena ginawé slametan?”

Kajat: „Ija kena baé, nanging pitik poetih moeloes dianggup loewih oetama.”

Kajoen: „Ja géné, kang?”

Kajat: „Ikoe moeng saka seling-soeroeping wong baé, krana satemené, moelané wong slametan koedoe ngnanggo pitik poetih moeloes, tegesé resik moeloes doeheké déwé.

Kajoen: „O, mangkono. La, pitik ireng moeloes djaré ija mberkahi, ikoe kaprijé?”

Kajat: „Wateké wong Djawa wis mangkono, angger ana barang aéng, diarani mberkahi, kajata; gloegoe ngepang, kaja ing Waroeng-bata kaé, gedang toentoet laro oetawa loewih, nanging ikoe ora bener.”

Saweg doemoegi samanten ginemipoen laré kekalih waoe, kesaroe datengipoen condecteur, mriksani kartjis, dados sami këndel.

Boten antawis· dangoe lampahipoen tram nglangoengi doe-soen Krapjak, Kajat witjanten: „Kajoen, delengen désa ikoe omahé akéh, gedé-gedé toer betjik, mangka ing koenané alas toer akéh beboeroné. (2) Dék samana Ing kang Sinoehoen besijar, mbebedag bantèng mrono, wasana ginoedag, temahan gerah bandjoer séda, moelané kaseboet Sinoehoen séda besijar (Ingkang Sinoehoen ingkang kaping III.) Kajoen „Elo, jén mengkono pandjenengan Ratoe ikoe pada baé karo oewong-oewong, moengoehing atos empoeké, déné ginoedag ing bantèng, kok séda.

(1) Sawenéh mastani ajam petak moeloes poenika kekashiipoen Nabi kita.

(2) Pagrogolan kaisénan beboedjengan, doemoegi sapriki taksih wonten panggoengipoen.

Kajat: „Oewis mesti, lah bok Ratoe ing ngendi baé, ginoc-dag ing bantèng ija séda.”

Kajoen: „Djaré pandjenengan Raøoe ikoe tegoeh timboel, kalis sakaliring bradja.”

Kajat: „Lo, ikoe rak moeng kanggo pasemon, nélakaké koe-wasaning Ratoe.”

Sakedap malih tram nglangoengi doesoen Djarakan, Kajat witjanten: „Dék djaman bijén, wong sadésa ing Djarakan ikoe dipaténi kabéh, awit saka karsané Ingkang Simoehoen, kang djoemeneng waktoe ikoe. (Sinochoen ingkang kaping II).

Kajoen: „Dosané apa?”

Kajat: „Ana sawidjining Demang kekasih-dalem, loenga ndjala amék inwaké wong désa kono, dipaténi wong akéh. Bareng Ingkang Sinoehoen midanget prakara ikoe, bandjoer doeka banget, temahan dawoeh noempes wong sadésa maoe.”

Sareng sampoen djam sadasa langkoeng sapra sakawan, tram kendel ing halte Pekadja, laré kekalih medak (oemedak), loc-mampah ngidoel ngilén. Doemoegi ing doesoen Kalisat wonten margi pratigan, Kajat pitakén dateng satoenggiling tijang doesoen manggoel patjoel, kaleres loemampah ing rikoe: „Mas, koela badé njoewoen priksa. margi ingkang. dateng Sandèn ingkang poendi?”

Tijang doesoen mangsoeli: „Enggih radosan sing ngidoel nikoe mang toeroet mawon, mangké nék empoen doegi Goe-melan mènggok ngétan sakedik, teng ngadjeng Kemantén ngidoel teroes boten mènggok-mènggok.

Kajat: „Inggih, noewoen Mas.”

Laré kekalih ladjeng mènggok mengidoel, mitoceroet pite-dakipoen tijang ing doesoen waoe. Sareng lampahipoen sampoen ragi tebih, Kajoen witjanten: „Wong kaja mengkana baé kok ko-emas-emas kang, koaloesi, lah ija wangsoelané bandjoer ora tata (ora oeroes).”

Kajat: „Lo, wong arep tetakan koedoe andap-asor, ija jén ketanggor wong ndemenakaké, ditakoni ora basa baé gelem noedoebaké, lah jén ketanggor sing njenjengit, mangsa gelema.



Lan manèh wong désa omong mengkana maoe ora saking (saka ing) deksoerané, saking ora bisa basa."

Kajoen: „Ija ding kang, bener kowé, akoe-akoe dèwè jén ditakoni ora diadjéni ija ora gelem noedoehaké, sanadjan wis weroeh.”

Kajat: „Moelané.”

Boten katjarios ing margi sareng sampoen watawis djam sawelas, Kajat lan Kajoen sampoen doemoegi ing kamantrèn Sandèn, kakangipoen kaleres saweg rjerat wonten ing ngadjengan sapoenggawanipoen. (Ing Ngajogjakarta Mantri politie dados kapala onderdistrict).

Djajawitjara: „Lo, kok kowé lé, pada slamet baé?”

Laré kekalih: „Saking pangèstoeniopoen kakang noewoen inggih wiloedjeng.

Djojawitjara: „Bapak, embok, rak ija pada soegeng ta?”

Laré kekalih: „Noewoen inggih sami soegeng.”

Djajawitjara: „Joe!”

Radèn ajoe: „Koela.”

Djajawitjara: „Iki lo, adiné pada tilik mrené.”

Radèn ajoe: „Wah, adikoe, kok wis pada gedé-gedé temen, pada betjik baé di?”

Laré kekalih: „Noen, saking pangèstoeniopoen bokajoe, noe-ninggih wiloedjeng.”

Radèn ajoe: „Bapak, embok pada soegeng?”

Laré kekalih: „Noeninggih sami soegeng.”

Radèn ajoe: „Ajo di, menjang boeri baé, ngombé-ngombé wédang.”

Laré kekalih: „Noeninggih.”

Sareng sampoen wonten ing wingking.

Radèn ajoe: „Lo, ikoe nggawa apa?”

Laré kekalih: „Noen, krasikan, sagon kalijan satoe.”

Radèn ajoe: „Kok perloe-perloe temen. Amad! ndjoepoeka piring teloe.”

Amad: „Inggih.”

Sasampoenipoen sami wédangan, laré kekalih sami ngaso wonten ing gandok. Ing wantji sonten bakda dahar Kajat lan Kajoen djedjagongan kalijan kakangipoen djaler éstri.



„Djajawitjara: „Apa sésoek kowé arep ndeleng sagara?”
Kajat lan Kajoen: „Noeninggih.”

Djajawitjara: „Amad!”

Amad: „Koela.”

Djajawitjara: „Sésoek ésoek botjah-botjah iki terna menjang pasisir.”

Amad: „Inggih.”

Boten katjarijos latjengipoen gegineman, sabakdanipoen, Kajat lan Kajoen sami mapan tilem ing gandok, sadérèngipoen tilem sami' mireng soewaranipoen aloen pating gloedoeg kados gloedoeg.

Éndjingipoen Kajat lan Kajoen dateng pasisir, Amad boten kantoen. Wonten ing margi Amad witjanten: „Goes, mangké manawi sampoen doemoegi ing pasisir, ingkang ngatos-atos, ingrikoe asring wonten soewara boten wonten warni, ngoendang-oendang tijang langkoeng, samangsa tijang waoe mangsoeli, sa-dóemoegingipoen ing grija amasti pedjah. Ingkang ngoendang-oendang waoe tijang saléh, bangsanipoen lelembat.”

Kajat: „Napa samang empoen taoe dioendang, kepripon pengoendangé?”

Amad: „Sampoen, inggih moengel mad! Amad! mekaten, namoeng koela këndel kémawon.”

Kajat: „Lo, kok empoen weroeh djeneng samang.”

Amad: „O, Masagoes, nama koela malih boten soemerepa, namanipoen tijang tigas kawoerjan inggih sampoen soemerep. Mila roemijin sampoen naté wonten tijang langkoeng ingrikoe, sareng dipoen oendang soemaoer, sadoemoeginipoen ing grija ladjeng pedjah.”

Kajat lan Kajoen: „Napa samang weroeh déwé?”

Amad: „Inggih boten, namoeng saben tijang tjrijos mekaten.”

Kajat lan Kajoen sami këndel kémawon, anamoeng ing batos sanget boten pitados.

Sareng sampoen doemoegi ing pasisir Kajat lan Kajoen goemoen sanget ningali saganten, déné makaten kawontenanipoen aloenipoen ageng goemolong sapangétan sapangilén,

soewaranipoen djoemegoer boten kendat-kendat. Bilih ningali sisih kidoel toja waoe saja mangidoel katingal saja minggah kados redi, saha aloenipoen ketingal saja alit, telas-telasaning pani ngal katingal kendel boten ébah sakedik-kedika, sarta lempeng kados sinipat. Kajat witjanten: „Kajoen, delengen aloen ikoe teka nggegirisi temen, pantes baé ing sagara kidoel ikoe diwartak-aké ana kadatoné Njai Rara Kidoel, angkeré kaliwat-liwat, moelané ora ana kapal wani ngambah ing kono kepara minggir krana ing kono telenging kadaton, wedi ginanggoe ing balané Njai Rara Kidoel maoe, ikoe ora lija ija moeng gawat kaliwat-liwat déning gedéning aloen, djalaran sakidoelé bener poelo Djawa iki wis ora ana poeloné manéh dadi angin gedé soemi-joet saka kidoel ora ana kang malang-imalang.

Kajoen: „Kandamoe ikoe kaja-kaja ija bener kang, nanging akoe ora ngerti, déné Njai Rara Kidoel ikoe ditjaritakaké dadi garwané pandjenengan Ratoe ing tanah Djawa tedak-toemedak.”

Kajat: „Tjarita mengkono maoe moeng kanggo ngloehoeraké karaton Djawa, adja nganti ana abdi oetawa kawoelaning Ratoe pada mbaléla, krana mokal agawé kamoeljané, malah-malah ndadékaké sangsaraning awaké, amarga pandjenengan Ratoe ikoe koewasané ngoengkoeli oewong-oewong maoe.”

Amad: „O, Goes, prakawis tjarijosipoen Njai Rara Kidoel miwah sawadya balanipoen lelembat poenika pantjén saestoe, tanda-jektinipoen kedjawi ingkang kaseboet ing serat babad, wonten dongèng makaten..

„Kala roemijin ing doesoen Samas wonten tijang kekalih, satoenggal nama Wiratani satoenggalipoen Wirasaja. Kekalih-ipoen sami maréting wonten ing pinggir saganten, tjetak kalijan sawanganipoen (moewara) lèpèn Opak. Boten antawis danguoe Wirasaja loemebet ing sawangan waoe, Wiratani kamiteng-gengen boten saged ngoetjap, krana waoenipoen boten nginten pisan-pisan bilih Wirasaja badé loemebet ing toja, soemerepa sampoen temtoe pinambengan, mangka sapoenikanipoen badé noeloengi boten saged, amargi sampoen ketroetjoet, poepoentoning rembag namoeng badé katengga kémawon, bok manawi

poen Wirasaja saged kéntas dèning aloen. Sareng sampoen watawis danggoe, éstoe Wirasaja katoet ing aloen kentas dateng ing gisik, énggal katjandak dipoen toevoengi dateng poen Wiratani; sasampoenipoen ènget, ladjeng dipoen tanggap. Kang Saja, kowé maoe keprijé, wong wis genah sagara, katik ko leboni. Wirasaja mangsoeli: „Roemasakoe: akoe maoe loemakoe toeroët dalan gedé, barengané akéh kréta oetawa te-toenggangan lijané ija akéh ora bédha ratan gedé ing nagara kaé. Bareng dalané boentoe akoe bingoeng, bandjoer mandeg ngadeg sangisoring régolé wong soegih, omahé gedé lan betjik. Ora antara soewé ana wong sidji marani akoe atjalatoe: „Kang samang ditimbali kalih loerahé kén ndjampéni poetrané sing-sakit, empoen didjampéhi teng pinten-pinten doekoen boten saged mantoen, mléné si kakang adjeng ditjobi. „Akoe mangsoeli: „Koela enggih sagoeh nambani, ning koela ndjaloek didoedoehaké dalan koela moelih, ontén ngriki koela bingöeng". Wong maoe mangsoeli: „É, enggih ta, nék ming nedihmekoten mawon koela enggih sagah, awita empoen gék mangkat."

Akoe toetboeri wong ikoe loemeboe menjang omahé loerah, ija sing doewé omah gedé maoe, botjah lara bandjoer tak tam-bani, kersa Allah kok mari, wasana akoe diteraké moelih tékan ing kéné iki."

Lah poenika Goes, boektinipoen, jén ing saganten poenika grijja lelembat."

Kajat: „Si Wirasaja nikoe sabeneré pantjén keblabak, déning boten ngati-ati, moelané mentasé boten éling, bareng-éling tjrita mekaten nikoe, perloené sapisan boten dibonggaké déning kirang wewéka, kapindo kanggo mrada awaké, kadjenggé diarani doekoen pilihan, déné bisa nambani anak demit."

Amad: „La poenika koela kirang priksa (kilap). Menggah prakawis tijang saléh waoe poenika, poenapa Masagoes boten pitados? Rak inggih pitados ta? Nalika koela matoer kala waoe poenika Masagoes kok boten mabené."

Kajat: „Léh koela meneng mawon waoe nika wong lagi aras arasen tjatoeran. Léh koela ngandel kepripoen, wong njatané

saniki koela boten dioendang-oendang kaja omong samang waœ.”

Amad: „O, Goes, bokntanawi djalaran benampéjan (pandjennengan sampéjan) mbekta kantja, jén pijambakan temtoe dipoen oendang.”

Kajat: „Kok anéh, waniné karo wong sidji. Napa lelembouet nikoe boten doewé kantja?”

Amad: „O, dospoendi Masagoes, sedaja poentoek-poentoek wedi poenika dipoen enggèni ing tijang saléh.”

Kajat: „Kepripoen, déné kok wedi wong nggawa kantja, mangka kantjané déwé akéh. Kalih malih omong samang nikoe anéh banget, poendi ontén, ontén soewarané boten ontén woedjoedé. Soewara nikoe rak ombaking hawa déning goemeter ing napa-napa. Jén boten ontén napa-napané enggih boten ontén soewarané. Bledég ontén roepané kaja geni, kedjaba angin ja nikoe ontén soewarané boten ontén roepané, manging soewarané enggih moeng goemroeboeg oetawa koemrasak, boten bisa ngoendang-oendang oewong.”

Amad roemaos kelindih ladjeng namoeng witjanten mekaten: „La, poenika koela noewoen (kilap), koela namoeng ngatoeraken tjarijosipoen tijang katah, sedjatosipoen koela dèréng naté dipoen oendang.” Anggénipoen witjanten waoe kalijan goemoedjeng.

Kajat: „Jén mekoten omongé wong akéh nikoe enggih goroh kaja samang, jén benera mesti oewong kang ngoendang.”

Kajoen: „Ajo kang mlakoe-mlakoe.”

Kajat: „Ajo ta.”

Laré kekalih ladjeng sami loemampah mengétan toeroet gisik kairingakepi poen Amad, saben-saben badé kekapjoek ing aloen, sami nisih, éwadéné sindjangipoen boten sandé sami kleproh, djalaran kénging kepjoering aloen.

Samargi-margi laré waoe tansah keremenen ningali aloen, déning anggénipoen gentas-gentos awongsal-wangsoel kados katata, poenapa déné aningali djingking pinten-pinten, awongsal-wangsoel manoet saeréhing aloen. Salebeting aloenipoen loemémbak, djingking-djingking waoe sami pating tlesep

ngoepados enggèn ing gisik, samangsa aloen wangsoel inggih katoet wangsoel, anamoeng kawon rikat, dados ladjeng sami noetoeti arebat-doetjoeng, wondéné ingkang panlesepipoen ragi lebet poenika ladjeng sami noesael kepontal-pontal, adamel goemoedjengipoen ingkang ningali.

Djingking-djingking waoe kaoepadosan ing tijang kateda pijambak oetawi kasadé. Ing gisik waoe oegi katah tijang sami mantjing. Sareng lampahipoen laré-laré waoe doemoegi ing pang-génan ingkang sepen, toemoenten wangsoel mangilén ngantos nglangkoengi tebih panggénanipoen ingkang kala waoe, ingrikoe sami soemerep katah baita ngrombah, sakedap ketingal, sakedap boten, déning kaaling-alingan ing aloen. Ing gisik katah tijang oetawi laré sami mendeti toja saganten, kasiram-siramaken ing wedi ingkang sampoen karadin, saha kawatesan gadahanipoen tijang satoenggal-toenggalipoen, doemoenoeng ing papan ragi mengger, ingkang sakinten boten saged risak déning aloen.

Bilih wedi ingkang dipoen sirami waoe sampoen garing, ladjeng kaoesoengan, toemoenten kasaring, katadahan tlawah, wasana toja ing tlawah waoe kabekta mantoek kagodog, assating toja kantoon sarem.

Bilih ngèngeti réka makaten waoe, mila boten nggoemoena-ken, Kangdjeng Gouvernement ngawisi wedalipoen sarem tamper saking Ngajogjakarta, dateng nagari sanés, krana kadjawi kirang resik, oegi kirang étja, raosipoen semoe pait, bilih katimbang kalijan sarem woekoe, amila bilih wonten ingkang nerak, kapatrapan paoekoeman saëstoe.

Sasampoenipoen ningali tijang damel sarem, Kajat, Kajoen, poenapa déné poen Amad ladjeng sami mantoek, djalaran sampoen sijang bentéripoen sanget. Boten katjarios ing margi, laré tetiga sampoen doemoegi ing grijja.

Ing wantji sonten sabakdanipoen neda, Kajat, Kajoen sami djedjagongan wonten ing gandok, dipoen tenggani déning poen Amad kalijan Kaki Setra, gamelé kakangipoen, sami mireng oengeling peksi beloek wonten ing pakaranipoen tangga ingkang kilén. Amad witjanten: „Eh, sapa sing arep mati iki, beloek kaé oeniné kok ora lérén-lérén.”

Kaki Setra: „Omongé wong nglindoer, lah wong beloek wis oeniné djaré arep ana wong mati.”

Amad: „É, kaki nikoe kok boten ngandel.”

Kaki Setra. „É, é, kowé ki kok madoni omongé wong wis ompong. Mangga Masagoes! Koela kalijan Amad leres poendi?”

Kajat: „Bener samang, beloek nikoe pakanané daging, batang enggih dojan, mangka keboné tangga koelon nikoe roeng-koet temen, toer djembeg, pantesé katah batangé, moelané beloek nikoe saba mrikoe.”

Amad: „Boten Masagoes, boten wontena batangipoen poenia-ka inggih asring dateng, perloenipoen medjahi tijang. Lo poenia-ka nitik ingkang sampoen-sampoen.”

Kajat: „E, kok anéh samang nikoe ontén manoek ming teka mawon, kok bisa gawé patining oewong.”

Amad: „O, dospoendi Masagoes, tijang peksi poenika dipoen toempaki lelembat; inggih poenika ingkang medjahi.”

Kajat: „Wah, nikoe saja élok, aloewoeng jén ontén wong omong: Saréhning beloek ikoe panggandané landep ngoeng-koeli manoesa, dadi jén ana wong lara banget, ngarepaké mati, beloek ikoe wis ngamboe bangké, moelané saba tjedaké kono, nggoléki, nikoe ontén emperé.”

Kaki Setra: „Inggih Masagoes, leres benampéjan.”

Amad: „Kok inggih ding Goes.”

Kajoen: „Bareng gagak djaré sok awéh kabar kasoesahan kaé keprijé, kang?”

Kajat: „Ija, djaré jén ana gagak méntjok ing pakarangan oetawa ing omah, mangka moeni saréh bédha karo adat-saben oeniné: „ga-ok, ga-ok.” ikoe awéh warta jén sanak sadoeloeré kang dipéntjoki pakarangané oetawa omahé maoe kesoesahan, nanging ikoe goroh. Akoe doewé dongèng saka panekar ing Klatèn oeniné mengkéné:

Dék bijén ing Sala woes taoe ana sawidjining gagak meloeng-meloeng seroe banget ana sadoewoering kadaton oeniné: ha-ok ha-ok nganti ambal-ambalan.

Ingkang Sinoehoen apa déné prijagoeng lijané pada éram ing-galih, ara saged ndoengkap moenggoeh ing karepé, déné ana

gagak meloeng-meloeng mengkono. Dèk samana ing Socra-karta ana sawidjining poedjangga, misoewoer banget moeng-goeh ing kawignjané, malah-malah *ngerti marang goeneming kéwan. Kowé rak ija sok kroengoe moenggoeh ing kawentaré Radèn Ngabèi Ranggawarsita, jaikoe prijajiné.

Sasoewéné para prijagoeng maoe kapetengan galih, bandjoer dawoeh nimbalì Radèn Ngabèi Ranggawarsita. Bareng wis sowan, bandjoer dinangoe moenggoeh ing ngalamaté gagak ikoe.

Radèn Ngabèi Ranggawarsita ngoendjøekaké keterangan jén gagak ikoe ora awéh ngalamat apa-apa, pameloengé maoe ngoendang bodjoné, amarga kepental, mangka ing wektoe ikoe weroeh batang asoe ana *ing kebon, ora adoh saka ing kono. Ora antara soewé-gagak djodoné teka, anoeli bebarengan ma-boer menjang ing kebon, kang ana batangé maoe, nganggo dientoetaké ing prijaji, arep dinjataké, wasana njata gagak sadjodo maoe pada noetjoeki batang.

Wong kang tjarita menjang akoe karepè nélakaké kaloewihané Radèn Ngabèi Ranggawarsita, nanging tjaritakoe dakenggo nélakaké, jén oeniné gagak ikoe ora awéh ngalamat apa-apa”.

Amad saha Kaki Setra sami pating krantoek, katjhina jén ngertos dateng kadjengipoen Kajat.

Kajoen: „Apa Radèn Ngabèi Ranggawarsita ikoe bisa ngotjéh kaja manoek, ngaloep kaja dandang, mbengingéh kaja djaran, lan sapepadané ?”

Kajat: „Kirakoe ora, nanging ngerti marang karepé oenining kéwan kaja ta: jén djago betek-betek ikoe ngoendang-oendang, jén kloeroek seneng atiné, mengkono sapepadané.”

Kajoen: „Jén dak rasak-rasakaké bangsakoe Djawa iki pantjén demen ngandel kang ora-ora, kaja ta: Jén ana manoek kolik oēawa toewoe djaré ana maling, si kolik ngréwangi kang doewé omah, akon melék, si toewoe ngréwangi maling, moedji toeroené kang doewé omah. Pangandel mengkono ikoe rak tanpa goena.”

Kajat: „Ora moeng oeniné manoek loro ikoe baé, oeniné tekak, bintit lan bentjé, ija dianggеп mengkono, nanging senadjan

kapertajan mengkono ikoe katoné tanpa goena, éwadéné bokmanawa karepé kang gawé oenèn-oenèn, soepaja wong-wong saben bengi koedoe ngati-ati, bokmanawa ana maling, krana mèh saben bengi oeni maoe salah sidji ana kang kroengoe."

Kajoen: „Mèmper, jèn mengkono ikoe. Djaré perkoetoet ikoe ana kang mberkahi lan ana kang njilakani. Ikoe rak ja omong ngajawara ta kang?”

Kajat: „Ija, nanging émper-émperé moenggoeh panemoekoe mengkéné: Manoek kang betjik oeniné ikoe njenengaké kang doewé, jèn diedol akèh kang gelem toekoe, bareng kang ala, oeniné nganjelaké, dol-dolané ora pajoe.”

• Kajoen: „Ija, kok ana baé mokaling omong, djaré manoek deroek angrem ikoe jèn binedil, bedilé ora moeni. Ikoe kaprijé kang?”

Kajat: „Ikoe mengkéné: Kedjaba angèl pambedilé, marga kalingan soesoeh, arak ngapirani endogé.”

Kajoen: „Lah tjèlèng, djaré jèn lagi toeroe, dibedil, bedilé ija ora moeni.”

Kajat: „Ikoe rak moeng nerangaké jèn tjèlèng toeroe angèl bedil-bedilané, djalaran toeroené nèng reroengkoet.”

• Kajoen: „Bareng akoe nggoenem tjèlèng kelingan matjan, djaré matjan ikoe sok ana sing dibedil, bedilé ija ora moeni.”

Kajat: „Ikoe rak bedilé wong Djawa, sing roesak déning ora kopèn, angger bedil sing ganep ija moeni.”

Kajoen: „Ija kang, iki omong keteroes-teroes, djaré ana wong bisa malih matjan ikoe kaprijé?”

Kajat: „Ija djaré, djaré ikoe sing djeneng matjan gadoengan, tjaritané mengkéné:

Dék djaman koena doeroeng ana kréta api, ana santri Ngajodja loro loenga ngadji menjang Malang, lakoéné wis pirang-pirang dina darat baé, angger kewengèn nginep, angger kewengèn nginep, mengkono sateroesé.

Kotjac nèng Lodaja santri maoe nginep omahé loerah désa. Bareng kira-kira djam sanga loerah maoe pamit metoe arep

ngoejoeh, nanging dientèni nganti soewé ora bali-bali, bareng teka, sing teka matjan gémbong gedé, santri sing sidji bandjoer ngoenoes pedang, matjan dipedang rainé, noeli loemajoe metoe, santri noetoeti, ana ing djaba ora ana matjan, anané sing doewé omah, noeli loemeboe bareng-bareng: bandjoer pada leloeng-goehan ing ambèn. Ing kono santri maoe soemoeroep, jén kang doewé omah tatoe bokongé, moelané akéh wong omong, djaré wong malih dadi matjan ikoe rainé dadi silit, silité dadi rai."

Kajoen: „Lah, jén mengkono ikoe kaprijé, kang?”

Kajat: „Matjan ikoe jén arep noebroek saka ingiringan, dadi jén wongé wis ambroek, endasé ana ing bokong matjan, bokong ‘ana ing endas matjan. Bokmanawa ikoe sing marakaké ana tjarita mengkono.”

Tijang tetiga Kajoen, Amad toewin Kaki Setra sami mantoek mantoek éram dateng Kajat, déné teka soegih tjarijos, kénging kanggé nerangaken tjarijos élok-élok.

Kajoen: „Akoe ija taoe kroengoe tjarita élok kaja tjaritamoe maoe ikoe, moeng bédané bareng kang doewé omah metoe, dientèni soewé ora bali-bali, santri loro maoe pada ora kapénak atiné, djalaran woes kroengoe pawarta, jén wong-wong ing désa kono satemené matjan gadoengan kabéh, moelané pada moeng-gah ing pengeret, awaké dieroet, soepaja samangsa ana matjan teka ora tiba déning kantjilen.

Kanggo nggentèni awaké, soepaja ora ingoepaja déning matjan, santri loro maoe ngemoeli goeling loro, pininda oewong toerce. Lawanging omah dipalangi koekoeh, dijan dipatèni.

Kotjap ing tengah wengi matjan, akéh teka, soewarané pating glereng, pating grobjag, semoené kaja arep mboekak lawang. Saking kéné matjan, lawang roesak, matjan sepirang-pirang loemeboe. Goeling kang pininda oewong tinoebroek ginawé, reboetan; wasana tetéla ing soemoeroep jén ikoe doedoe manoesa, temahan matjan-matjan ikoe ngoebres nggolèki santri loro maoe, ananging ora ketemoe. Santri loro awaké goemerter, ndeleng matjan sepirang-pirang pada pating glédráh.

Wasana matjan-matjan akéh ikoe bandjoer loenga, ananging santri loro maoe ing wengi ikoe ora wani moedoén, krana

koewatir bok manawa matjan-matjan ikoe ~~eka~~ manéh. Esoeké samtri loro maoe neroesaké lakoené.

Kaprijé kang, panemoemoe moenggoeh tjarita ikoe?"

Kajat: „Tjarita ikoe moeng mratélakaké jén ingalas Loda-ja akéh banget matjané. Saoepama tjarita maoe benera, masti matjan-matjan ikoe matjan temenan, doedoe gadoengan, ananging kaja-kaja adoh lan beneré, djalaran adaté matjan ikoe nempoeh désa, ora moeng ndjoedjoeg saenggon baé, ing kana-kéné ija didjoedjoeg. Akoe doewé tjarita mengkéné:

Ana sawidjining prijaja Kapitein Walanda, mentas oenggoel perang saka ing Lombok, mbeboeroe matjan ana ing alas Malingping (Banten-kidoel), toewan maoe pambedilé patitis banget, ora ana pélor kang ora oléh matjan. Mengkono ikoe saben dina. Soewé-soewé matjané soeda, kedjabá kalong marga dibedil, akéh kang ngili, njingkiri bebaja pélor. Kañg mengkono maoe agawé kembané toewan Kapitein, moelané ing sawidji dina ala-nganggoer masang bedil sarakit, arep-arepan, bedil kang sidji sentilané ditjantjang dioléhaké sidjiné, pamrihé soepaja samangsa ana matjan njampar tali, amasti kapisanan mati déning pélor, krana pamasangé woes diarah-arah, bolonganing bedil penera awaking matjan. Sawoesé rampoeng pamasangé toemoeli bali ing pondokan.

Bareng wis antara soewé toewan maoe niliki pasangané, ananging tjilaka, wis pamasangé ora oléh, woewoeh-woewoeh saking koerang pengati-atiné tali kesampar déwé, bedilé moeni ngenani sikilé kang tengen, bandjoer ambroek. Batoeré kang ora adoh saka ing kono, kroengoe soewaraning bedil, ngira bendarané oléh matjan, énggal marani, djebuel bendarané ketemoe angatang-atang. Toewan moendoet pistoel, nanging ora ditjaosi, amarga si abdi koewatir, jén bendarané nganjoet toewoh, moelané énggal ginawa moelih, kapasrahaké ing Dokter.

Matjan-matjan ingalas maoe bareng ora taoe kroengoe oenining bedil, bandjoer bali menjang enggoné lawas, gambira saba mrana-mréné ing sawidjining bengi sabané tekan ing désa kang ora pati adoh saka ing alas maoe; ora moeng mbebahak radjakaja baé, ija karo wong-wongé.

Tjarita iki sabéh ré ora ngodengaké, ananging sarehné wong-wong ing désa maoe sadoeroengé matjan teka, mentas pada toekoe dawet marang sawidjining wong, mangka ana kang ora mbajar, moelané wong kang ora katoet kamangsa ing matjan ngarani, jén wong kangadol dawet ikoe malihan matjan (wong gadoengan), dadi tekané mrono sakantjané maoe males oekoem."

Kajoen: „Ana matjan diarani bisa males oekoem, akoe bandjoer kelingan baja. Djaré baja ikoe jén dipilara, bisa nengeri marang kang milara, éwasanané males. Tjaritané mengkéné:

Dék bijén ing Tjilatjap ana sawidjining wong désa ngarit soeket ing pinggiring kali Srajoe. Ora antara soewé ana sawidjining baja mentjoengoel saka ing banjoe, ikoe bandjoer diperang bongoré, baja njilem bandjoer loenga. Bareng wis sawatara dina baja kang dibatjok bijén waras, wong désa lagi ngarit ing pinggir kali manéh, ikoe mbandjoer kasaoet, kagawa loemeboe ing banjoe, dipangan.”

Kajat: „Kaprijé weroehé jén baja kang njaoet ikoe kang dibatjok bijén?”

Kajoen: „Ajaké ana belangé.

Kajat: „Lah ikoe anéh, djalaran sindenging endas baja ikoe atos, dadi jén binatjok ala-unganggoer baé, kirakoe ora teda. Akoe ija doewé dongéng kang loewih élok.

Dék bijén ija ing Tjilatjap ana sawidjining djoeragan sampan ngingoe téngél (krété) gedéné lagi sakémpol ana ing bloembang. Téngél maoe diketok boentoeté, dadi boentoeng, moelané didjenengi si Boentoeng, bareng woes rada gedé watara sapope, minggat, njemploeng ing moearané kali Srajoe. Saben-saben djoeragan sampan ikoe liwat ing moewara, sampané digandoeli si Boentoeng, nanging angger ditakoni; Si Boentoeng apa koewi,” bandjoer dioetjoelaké, sarta déwéké ndjengking noedoe haké boentoengé, toemoeli dipakani, djoeragan neroesaké lakoéné.

Kotjap’ bareng woes lawas si Boentoeng oewis salesoeng gedéné. Sawidjining dina djoeragan sampan liwat ing moewara: si Boentoeng nggandoeli kaja gawéné, nanging bareng ditakoni. „Si Boenteong apa koewi, bandjoer ngglandang djoeragan sampan maoe, kagawa njilem.

Dongèngmoe lan dongèngkoe iki ana beneré ana gorohé. Prakara baja sok njander oewong ikoe pantjén sanjatané, nanging jén dikira bisa nitépi marang wong kang milara ikoe goroh, apa manéh ngerti marang goeneming wong ikoe gorohé sabedahap. Moelané akoe kanda mengkono, djalaran dék bijén ana sawidjining wong ngarit, lérén adoes ing kali Pontang (Banten): Wong maoe ora taoe njikara baja, éwadéné diwajang-wajangaké nganti mati. Bareng para gedé Walanda lan Djawa, kang sok mbedili baja, tindak lan kondooré ija nglawati kali maoe, mengkono oega sasaki sapisan jén pinoedjoe pepriksa, ija ora taoe diganggoe baja, mangka baja kang dibedili maoe sidji loro ana kang ora mati, déning ora ketenggel.

Loerah désa ing kono mbedil baja moeng kena boentoeté, dadi ora mati, mangka saben dina loerah ikoe adoes ing kali kono, éwadéné ora diganggoe ing baja, amarga ngati-ati, angger weroeh baja rada tjedak, ija bandjoer mentas. Dadi wong sing dipangan ing baja ikoe doedoé sing wis taoe milara, wong sing ora ngati-ati. Kang ikoe tetéla, jén baja ikoe ora bisa neniténi. Dadi dongèng loro maoe moeng kanggo nerangaké, jén baja ikoe kewan galak, ora kena disanak, moelané jén wong adoes ing kali weroeh baja rada tjedak, diénggal mentas."

Amad: „Ingkang sami benampéjan ngendikakaken poenia-ka rak sanès lèpén ing nagari Ngajogja ngriki, lèpén ing ngriki hoten wonten bajanipoen, anamoeng pakewedipoen nglangkoengi ingkang katah bajanipoen.”

Kajat: „Pakéwoehé napa?”

Amad: „Pakewedipoen inggih demit ingkang sami mbaoe-reksa lèpén waoé, katah ingkang djail, amila asring wonten tijang oetawi laré ingkang klelep. Malah tijang ingkang langkoeng mangertos, ngawisi anakipoen gegoedjengan wonten ing lèpén, djalaran manawi keleres wonten demit ingkang tjalaina, laré waoe kakinten nggegoedjeng, temahan kalarak, katapoek sasaminipoen. Kadji Abas ing Bajoeran kala enémipoen pinoedjoe adoes ing lèpén Praga, kraos katapoek ing demit, wasana tjangkemipoen pérot doemoegi sepriki.”

Kajat: „Marga boten ngati-atí, koela empoen taoe klelep ing kedoeng. Waoené koela empoen kapénak adoes ing pinggir, nanging koerang marem, djalaran banjoe boten tekan ing dada, koela menengah, wasana sikil koela empoen boten tekan ing lemah, dadi goelagepan, jén boten ketoeloengan amasti mati. Wong-wong ngarani, koela dilarak teng sing toenggoe kali. Temboeng mekoten nikoe perloené, soepaja ampoen nganti ontén wong wani-wani adoes tjedak ing kedoeng, ngoewatiri.

Botjah gegoejon nikoe adaté sok gèndèng-gèndèngan, geloetan, djourög-djorogan sapepadané, ontén ing poendi-poendija enggih ngoewatiri, amarga bisa agawé keslijoning tangan oetawa sikil, jén boten kebenéran bisa tjetjad sadjegé, napa malih ontén ing kali, jén banjoené djero, koewatir-klelep, jén tjeték koewatir tiba ketanggor ing watoe.

Déné sing mang arani wong tinapoek ing demit nikoe sabeneré wong angop, tanpa kira-kira nganti ngowahaké atik-atik-aning oewang, prajogané jén boten bisa marékaké déwé, koedoe njoewoen pitoeloengan ing Dokter, jén boten amesti pérot sadjegé kaja kadji Abas nikoe.”

Kaki Setra: „Bener Masagoes, Mad! Padané kaé baé, jén ana toekoelan randoe-alas, wringin, oetawa ingas, djaré koedoe di-papas toemoeli, jén ora, bésöek jén wis gedé moendak dienggoni ing gendroewo, wewé, wedon sapepadané; mengkono ikoe genahé mengkéné: kekajon maoe jén wis toewa wité gedé lan doewoer banget, epangé ngebak-ebaki papan, dadi ngalang alangi tetandooran lijané, mangka ora ana kanggoné habar pisan, loewih-loewih wit waringin, jén enggoné adakan kena ing angin, gampong roengkadé, djalaran epang lan godongé akéh banget, mangka ojodé koemambang, ora ana ladjeré. Déné ingas wis té-téla banget agawé pitoena djalaran tloetoehé nggateli, mangka ojodé bisa ngambra-ambra nganti kepara adoh, dadi jén lemah ing kono didoedoek arep digawé nenandoer pendoedoeké koe-doe ngati-atí banget, adja nganti, tloetoeching ojod kang kepatjoel ngenani awak, moelané jén wong djirih ora wani ndoedoek babar pisan.

Pakéwoeh kang dak tjaritakaké kabéh maoe doeroeng jén kekajon ikoe growong, ikoe kang njoemelangi banget, jén roeboeha mesti ngroesakaké tetandoeran lan omah, terkadang gawé patining wong."

Amad: „Lah koeboeran nika terkadang boten ontén kekajoné gedé kok enggih katah sing angker nikoe pipoen.”

Kaki Setra: „Ija, jén koeboerané wong tjilik lóemrahé diarani angker, pasaréjané para gedé oetawa para loewih diaraní malati ikoe moeng nélakaké jén panggonan maoe koedoe diadjéni, djalaran senadjan wis mati ikoe ija manoesa, apa manéh kang maoené akéh lelabeté, ikoe koedoe dipoendi-poendi, dadi jén ana wong ndoepaki kidjing oetawa ngeoejoehi pendeman ikoe wong ora weroeh ing tata.”

Kala samanten sampoen djam kalih welas, Kajat, Kajoen toe-win Amad, poenapa déné kaki Setra ladjeng sami mapan tilem.

Entjingipoen Kajat miwah Kajoen toemoet kakangipoen linggih wonten ing kantoran. Ingrikoe wonten bekel kekalih sowan, ingkang satoenggal taksih mempeng, dedegipoen brawa, nama Pantja, setoenggalipoen lentjir, sampoen sepoeh, namanipoen Patra. Beikel kekalih waoe sowanipoen nglapoer-aken tijangipoen badé sadé lemboe, doemoegi ngrikoe djeboel sami paben ngantos dedreg, prakawis jatra gangsal roepijah, wasananipoen Pantja witjanten makaten: „Eh, pak Soera! ampoen kakéhan omong, nèk ming samang mawon bok enggih lima koela wani.”

Patra mangsoeli: „Lo, déné kok kaja pitik, angger kalah gedé kalah, oewong ora mengkono.”

Doemoegi samanten pabenipoen tijang kalih waoe ladjeng kasapih ing tijang ingkang sami wonten ingrikoe.

Ing wantji bakda-loehoer, Kajat kalijan Kajoen lelinggihan ing gandok kados adat, sami geginemana.

Kajoen: „Saoepama bekel loro maoe kaé sida kerengan, menang sing endi kang kira-kirané?”

Kajat: „Mestiné ija menang sing gedé, kalah sing tjilik.”

Kajoen: „Ajaké ara kang, omongé si Amad pak Patra kaé digdaja, lan keris kang dienggo kaé betjik.”

Kajat: „Digidaja keprijé, ora teda tapak paloening pardé sisaning goerénda apa?”

Kajoen: „Djaréné ija.”

Kajat: „O, ikoe anané rak moeng ana ing kodjah, njatané ora ana.”

Amad dateng kalijan witjanten: „Saweg poenapa Goes?”

Kajat: „Seg ndongéng. Roengokna Joen tak ndongéng:

Dék bijén ing Loanoe tanah Bagelén ana sawidjining maling, kadjoewara banget ing kadigdajané, dalasan botjah-botjah tjilik baé ija bisa ngandakaké jén maling ikoe soegih ngélmoe kadigdajan.

Sawidjining bengi maling digdaja maoe njolong pakélé tanggané kang dadi moengsoehé, mènèk ing oewit, doemadakan tiba: gabroeg; kané doewé omah énggal metoe nggawa pedang, soemoeroep ana maling glasahan, dasar moengsoehé, bandjoer énggal tjinatjah, wasana maling ikoe mati ngenggon.”

Amad: „O, Masagoes poenika rak apes déning was, djalaran dawah, mangka kadigdajan poénike samangsa tijangipoen sampoen was, kawataka inggih boten saged dados.”

Kajat: „Mang roengokké koela ndongéng malih.”

Dék bijén enggih ing tanah Bagelén ontén goeroe ngélmoe toe-wa ngrangkep kadigdajan lan lija-lijané; kapinterané empoen misoewoer ing satanah Djawa, moeridé saka negara mantja pirang-pirang, napa malih wong ngrikoené.

Kabéh wong empoen pada ngerti, jén goeroe mekoten nikoe dilarangi *dénings Kangdjeng Gouvernement.”

Amad: „Lah, poenika tandanipoen bilih Kangdjeng Gouvernement miris dateng Kjai goeroe.”

Kajat: „Mangké ta mang roengokké krijen, omong koela waoe dérèng toetoeg. Kangdjeng Gouvernement nikoe lah bok enggih dimoengsoeh wong sa-Indija-Nederland boten bakal keseser, napa malih ming dimoengsoeh Ki goeroe samoeridé, enggoné nglarangi waoe, marga goeroe mekoten nikoe loemrahé sak ngapoes-apoesi moeridé, kaja ta awéh pedang, diawadaké pedang Sokajana, ali-ali toeré ali-ali sotjaning ampal, kéjong boentet diawadaké kéjong moestika kanggo panoelak ing bedil,

lay sapepadané, perloené moeng adjeng ndjaloek doewit akéh, boten timbang pisan-pisan kalih reganing barang. Jén prakara mekoten nikoe koningan ing Paréntah, mesti goeroe waoe tampa paoekoeman.

Goeroe kang koela dongèngaké nikoe enggih mekoten, sawoesé konangan apoesé, toemoeli katoekoep ing Paréntah, pantjasning pangadilan, sinapoe ping salawé.

Moerid-moeridé kroengoe mekoten nikoe pada ajem mawon pangirané, mangsa krasaa goeroené sinapoe.

Tekaning endon lagi sinapoe ping sepoeloeh empoen ndjempling, boten koewat, koeranganing sapoe diganti oekoem boewang sepoeloeh taoen, moeridé ladjeng pada boebar. Lah nikoe déné boten oewas déning kagét, kok enggih boten kelar nadahi sapoe."

Amad: „O, poenika rak kjai boten saged ngitjal, jén saged ngitjal kados Mas Patra mangsa kéginga dipoenmekatenaken”

Kajat: „Mang roengokaké koela ndongéng malih:

Dék bijén ing Kedoengkebo, ontén sawidjining maling arané Goenasrana, kabaré bisa ngilang. Angger dikepoeng-kepoeng wong akéh, merga konangan oléhé memaling enggih bandjoer ngilang, lawas-lawas saben oewong, napa déné politie empoen pada weroeh jén si Goenasrana bisa ngilang, temahané boten ontén wong sageoh njekel teng dewané.

Djalaran kang mekoten nikoe si Goenasrana roemasa dadi lelananging djagat, saben bengi memaling, jén awan ngrereboet, angger adjeng ditjekel, inggih bandjoer ngilang.”

Amad: „Inggih boten maiben, poen Goenasrana poenika rak gadah adji pangimoenañ.”

Kajat: „Enggih ajaké, mang roengokaké disik ta teroesé.”

Bendara Wadana banget pangantjam-antjamé teng si Goenasrana, sarta apasang-giri, sinten-sinten sing bisa njekel, bakal tampa gandjaran séket roepijah. Marga saka dajaning doewit déréng sepasar si Goenasrana empoen ketjekei déning kantjané déwé, saniki mboten bisa ngilang malih.

Djalarané si Goenasrana diwartakaké bisa ngilang nikoe, saking kéhing sekoetoené, saben kampoeng oetawa désa mesti

onten wongé loro oetawa teloe kang dadi sekoetoené, mařah
toekang-toekang grobag enggih dadi sekoetoené, dadi jén si
Goena diboeroe wong akéh marga konangan panjolongé, ladjeng
mak bleng mleboe teng omah oetawa tjilingkrik noenggang
grobagé sekoetoené waoe.”

Amad: „Inggih, mémper jén mekaten poenika, saminipoen
perantéjan minggat saking boei poenika kabaripoen inggih
éngko kalijan ingkang djagi, anamoeng kantja doesoen nginten,
saged ngitjal.”

Kajat: „Soekoer, nék samang empoen ngerti.”

Kajoen: „Anoe, man Amad, koela doewé dongèng, tjritané
wong, doewé adji weлоet poetih.”

Amad: „Kados-poendi Masagoes, tjarijosipoen?”

Kajoen: „Mékéten: Dék bijén ing désa Lontar ontén maling
konangan, diboeroe wong akéh. Bareng empoen ketjekel disikep
adjeng ditaléni, mroetjoet, loemajoe malih, ditjegat teng wong
lijané, ketjekel, nanging enggih mroetjoek malih; mekaten nikoe
nganti ambal-ambalan; soewé-soewé kang mboeroe panas atiné
bareng ketjekel malih ditjekeli wong akéh, éwadéné enggih
mroetjoet mawon.

Wasana wong akéh nikoe pada ngarani, jén malingé doewé
adji weлоet poetih, boten kena disangga miring, koedoe ditemeni,
boten soesah ditaléni, digeboegi mawon. Kelakon bareng
ketjandak maling digeboegi ing wong akéh, nganti setengah
mati, boten bisa obah, moeng kari ambekané mawon. Wong
pirang-pirang pada kepéngin weroeh woedjoedé maling doewé
adji weлоet poetih, moelané diobori nganggo obor sepirang-pirang.
wasana tetéla jén maling nikoe tanpa klambi, awaké dilengani,
moelané enggih loenjoe, angger ditjekel, mroetjoet.”

Lah, nikoe sing aran adji weлоet poetih.”

Amad: „Anoe Masagoes, Mas Patra doewoengipoen saé, boten
namoeng tosanipoen, koela soemerep pijambahak, nalika daloe-daloe
késah dateng Goemoelan. Sareng doemoegi ing doesoen
Poetjangananom, doewoengipoen Mas Patra moengel tjlak-tjlék.”

Mas Patra witjanten: „Ajaké ana wong ala oetawa matjan,
keriskoe kok tjlak-tjlék baé, iki rak modot.”

Sareng koela eréki, leres, doewoeng waoe odotipoen sampoen sadim toemoenten dipoen tetepaken malih. Malah rikala doe woeng waoe dipoen enggé dateng Toeloeng, koela inggih toe moet, kantja sadaja tijang nem. Sareng lampah koela tijang nem tjelak ing wana, doewoengipoen Mas Patra moengel tjlak-tjlék kados ingkang sampoen koela atoeraken waoe, ladjeng koela eréki, ketingal modat éstoe, toemoenten katetepaken malih. Koela tijang nem adjrih, djalaran djandji doewoeng waoe modot, sampoen temtoe wonten tijang awon oetawi sima.

Lampahipoen dipoen sengkakaken, krana koewatos bilih manggih pakéwed, doewoeng tjlak-tjlék malih boten kendel-kendel, dangoe-dangoe koela tijang nem nglangoengi groemböel, ingrikoe wonten simanipoen anggereng kalijan loemadjeng.

O, Allah, Masagoes, tijang nem goemeter sadaja, saking adjrih-ipoen, wewah-wewah doewoengipoen Mas Patra, medal saking wrangkanipoen, mlesat badé mboedjeng sima, dawahipoen boten kantenan, dados tijang nem waoe tambah bingoeng, wasana lampahipoen kadamel oeroet, tjepeng-tjepengan setagén, saha gentas-gentos ngerék, madosi doewoeng waoe.

Dangoe-dangoe kepanggfh, ladjeng kémawon kawangsoela ken malih, oekiran tansah dipoen tjepengi, djalaran koewatos, jén doewoeng waoe ngamoek malih.

Lah poenika Goes, mila koela poeroen matoer jén doewoengipoen Mas Patra poenika saé, poenika ingkang nama doewoeng poeroen; jén doewoeng awon sampoen ingkang modot oetawi medal pijambak, lah bok inggih dipoen tarik sarasanipoen tijang, inggih maksa botén kénging, djalaran doewoeng waoe adjrih.”

Kajat: „Nikoe kerisé Pak Patra rak empoen toewa?”

Amad: „O, inggih, sampoen sepoeh sanget, agengipoen namoeng sadridji, pandjangipoen namoeng satjengkang, bokmanawi poenika damelan ing Madjapait.”

Kajat: „Sakniki koela omong, saréhning keris nikoe empoen gerang, dadi létjék, samangsa dienggo, digawa mlakoe, amesti modot, sangsaja rikat lakoené, sangsaja dawa odoté, marga



kontraké banget; dasar keris tjendak, modoté banget, *lang* nganggo kagét, onten matjan, empoen mesti dadi mlesat, dadi boten saking kendelé, adjeng ngojak matjan.

Déné keris sing mangarani wedi nikoe satemeré saking boten taoe dioenoes, dadi tainen; bareng adjeng dioenoes, pinoe-djoe onten pakéwoeh, dasar sing ngoenoes goegoep, empoen mesti boten kena, sabab seret."

Amad: „Anoe goes, ngendika benampéjan poenika kados inggih leres sadaja, anamoeng koela boten ngertos, sababipoen poenapa, déné menawi wonten tijang tetapa wonten ing panggénan samoén teka dipoen awisi déning Kangdjéng Gouvernement? Saking panginten koela boten sanès Kangdjeng Gouvernement adjrih dafteng maoenahipoen tijang tapa waoe.”

Kajat: „O, enggih pantjén akéh wong kang ngira mekoten sababé, nanging mokal jén mekotena. Enggoné dilarang nikoe, djalaran wong tetapa waoe terkadang dadi djoeroe simpén barangding doerdjana, terkadang sok dadi doerdjanané, aloes-aloesé dadi goeroe apoes kaja sing empoen koela tjritakaké ing nga rep waoe, kebandjoeré dadi kraman, ngendelaké maoenahé lan kéhing moeridé, temahané tanpa toewas, moeng agawé sang-saraning awaké samoeridé.”

Amad: „Inggih, Goes, kesinggihan.”

Radén ajoe Djajawitjara: „Amad!”

Amad: „Koela.”

Radén Ajoe: „Kowé koewi kok omong baé, lah bok nggodog-nggodog wédang, wong wis soré djaré.”

Amad: „Inggih.”

Boten let dangoe Amad matoer: „Sampoén koela damel, ingkang abdi tijang éstri ingkang nggodog sampoen kala waoe.”

Ngabéi Djajawitjara djaler éstri poenapa déné Kajat kaliyan Kajoén ladjeng sami wédangan.

Saselanipoen padamelan Amad gegineman malih kalijan Kajat wonten ing gandok witjantenipoen: „Mangga Goes ngen-dikan malih, koela teka remen sanget mireugaken ngendikan benampéjan poenika, ketingalipoen ndjlekéték nanging sale-resipoen. Anoe Goes, koela badé njoewoen priksa. Mitoeroet

ngandika benampéjan kala waoe poenika, dados dedamel ingkang mala*ti* boten wonten, dedamel ampoeh inggih boten wonten, mekaten oegi tija*ng* digdaja.”

Kajat: „Gegaman ampoeh ontén, nanging ampoehé nikoe déning warangan oetawa wisá. Wong digdaja enggih ontén nanging kang koela arani wong digdaja nikoe wong sing rosa pinter lan wanter.

Déné sing mang takokaké disik déwé gegaman malati nikoe, pantjén boten-ontén. Koela doewé dongéng mang roengakaké.

Ontén sawidjining toewan soemedja njatakaké barang oetawa panggonan kang malati, doewé wit kemoening, kaja kang akéh-akéh, sidji ontén ing kebon. Kemoening nikoe saben malem Djoemoe wah dikoetoegi, didokoki kenbang boréh, sarta tangga-tangané Djawa diomongi, poma-poma ampoen sok wani liwat ingisoré, sabab ontén sing mbaoereksa toer rada djail, malah enggoné ngoetoegi nikoe toeré enggih pandjalooké kang mbaoereksa, sarana mrimpéni.

Kotjap ing sawidjining waktoe ontén wong wadon kesasar ing ngisor wit kemoening waoe, nikoe boten bisa loemakoe, djalaran kelingan welingé toewan, roemasané awaké mesti bakal ketiwasan.

Bareng toewan waoe soemoeroep prakara nikoe bandjoer wani netepaké, jén wong koewalat nikoe satemené saking wediné déwé.”

Kajoen toemoet witjanten: „Kang, bareng akoe kroengoe dongéngmoe, bandjoer kelingan tjritané wong adol kajoe.”

Amad: „Kados poendi Goes, dongéngipoen.”

Kajoen: „Mekéten! Ing wajah bengi pinoedjoe padang remboelan ontén wong mlakoe toeroet dalan tjilik ing djero kain-poeng ngliwati koeboeran gedé. Ingrikoe ontén wong adol kajoe ndodok boten obah-obah, ditakoni rambah-rambah meneng mawon.

Bareng empoen soewé lagi bisa omong mratélakaké enggoné boten bisa tangi, sabab papahing krampil kang soemladang ingarepé, roemasané wong kemoelan, weroeh-weroeh jén papah, bareng ditakoni waoe, wong kang takon goemoejoe kalih mboewang papah nikoe.”

Amad: „Dongéng benampéjan poenika soeraosipoen inggih maiben dateng wontenipoen memedi.”

Kajoen: „Enggih, pantjén woedjoédé memedi nikoe moeng saka gambaring pangangen-angené wong djirih, kaja tjrita koela waoe, papah diarani memedi wong kemoelan.”

Amad: „Inggih kesinggihan, ananging poen Bédjot, laré ingkang alisipoen tepavg, mripatipoen rémbès, lambénipoen ndjepor, semoenipoen ragi gendeng, poenika tosipoen dédé anaké bapakipoen pijambag (Kjai Noerkasan), anakipoen genderewo ingkang alambang-sari kalijan Njai Noerkasan, malih warni kados Kjainipoen, poenika kadospoendi?”

Kajat soemamboeng: „Sing omong nikoe sinten?”

Amad: „Inggih pamilinipoen pijambak.”

Kajat: „Lah nikoe rak moeng kanggo noetoepi isin mawon, déné ana Kjai kok doewé anakmekoten roepané; toenggalé ontent Demang doewé anak moeng sidji gendeng, toeré nikoe dék tjilik taoe ilang digawa lampor, ketemoené ontent ing pinggir kali.

Enggih pantjén ontent mawon akalé wong noetoepi isin, ngalih séwan omah merga boten mbajar-mbajar, omong-omong djaré merga sok dibalangi genderewo.”

Amad: „O, inggih Masagoes, leres benampéjan, sapoenika koela gentos ndongéng.

Mas Santa Mantr' oekoer ing Bongoskenti, ingkang sampoen naté lami manggén ing tanah Banten malah namanipoen inggih noelad tijang Banten, nganggè seboetan Entol, dados ketalah-Entol-Santa, tjarijes mekaten:

Tetijang ing nagari Banten sedaja, mengeitos dateng temboeng Mijanti, tjarijosipoen Mijanti poenika ing kinanipoen ringgit (tlédék) itjal wonten ing tengah kalangan, sapoenikanipoen dados lelembat, bilih ngtingal warninipoen ajoe sanget, wah ambetipoen amrik aroem amradini, déné manggénipoen Mijanti waoe boten mesti djalaran tansah ngideri nagari Banten.

Menggah wewatekanipoen Mijanti poenika remen sanget dateng djedjaka ingkang sigit.

Katjarijos ing kita Sérang wonten satoenggiling poetranipoen prijantoen ageng teksih djedjaka, dasar sigit, ing satoenggiling daloe Radén Mas wae tindak ameng-ameng pijambakan kepetoek kalijan poetri éndah ing warni, sembada kalijan agem-agemanipoen, wah gandanipoen aroem anglangkoengi.

Radén Mas kasmáran dateng wanodya waoe, amila saksana katakénan asma miyah dalemipoen, ananging sang poetri boten kersa awawan-sabda, namoeng tansah anjandjata tingal sarwi mèsem-mèsem.

Radén Mas boten saranta ing galih, sangdyah ajoe ladjeng rinangkoel gapjoek, kabekta kondoer areroentoengan, sang dyah boten soewala.

Boten katjarijos ing margi, sareng wonten ing djinem-roem badé tjinangkraman, sang poetri moesna tanpa karana, djiwanipoen Radén Mas kabekta, ingrikoe Radén Mas séda. Boten namoeng satoenggal poenika, prijantoen ingkang tiwas déning Mijanti, mila éngga sapriki prijantoen ing Sérang bilih loemampah ing wantji daloe, mangka petoekan kalijan tijang ajoe loemampah idjén, toer gandanipoen aroem, poenika ladjeng anebas-nebas ngetog pladjengipoen. Malah déréng lami poenika wonten prijantoen nénéman bagoes, tiwas déning mentas kepanggih kalijan Mijanti, katanda nalika badé itjalipoen nganggè angoendang-oendang Mijanti.

Lah poenika Masagoes dongéngipoen Mas Santa dateng koela. Eh, mila nggegirisi tjarijos poenika, saminipoen ingriki peri. Oepami boten wontena jektos, mangsa wontena tjarijospoен."

Kajat: „Prakara nikoe saka panemoe koela adoh teng beneré, mokal séwoe ontén wong kok mak djleg tanpa sangkan, woe-sana moesna tanpa karana. Awi mang pikir sing temenan, ndjenggelegé nikoe sebab napa, inggih bener toeré Mijanti nikoe badan aloes, kepripoen déné bisa ngatonaké roepané, sinten sing awaké dienggo? Wah malih barang-barang kang katon ing wajah bengi awané mesti katon, kajata: djamoer pring, senadjan jén bengi katon abang kaja geni, jén awan poetih enggih ontén roepané.

Déné lintang, jén awan boten katon, rak marga kalah kalih soroting srengéngé; oeroeing erék mawon jén ontén ing papan kang ngentak-entak panas baéget, mèh boten katon. Goela batoe jén ditoetoeing ing wajah bengi katon geniné, senadjan awan jén ontén ing sentong kang peteng, geniné enggih katon.

Saniki napa sababé Mijanti nikoe katoné moeng jén wajah bengi napa, enggih kaja lintang, oetawa tjahja lijané waoe, sabab kalah kalih padanging srengéngé? Mokal kang mekotén nikoe rak bangsa tjahja, balik Mijanti rak toeré roepa oewong.

Mœlané pamikir koela Mijanti nikoe seteméné boten ontén, onténé moeng digawé memedéni, wong-wong nonoman, kang pada madon, djalaran wong rojal wadon nikoe boten moeng ndadékaké sangsarané zwaké déwé, rabiné sok katoet ketelaran larané, terkendang sok mboten anak-anak, jén anak-anaka, awak lan pikiraning anak sok koerang waras, tjilakané si anak sok peloeh."

Amad: „Inggih Goes, leres benampéjan. Sampoen Goes, koela badé njamboet damel.”

Kajat: „Lah enggih ta, koela enggih adjeng adoes.

Kajat lan Kajoen ladjeng sami adoes.

Ing wantji sonten bakda isa Kajat lan Kajoen sami matoer dateng kakangipoen, jén bêndjing éndjing djam gangsal badé bidal mantoek, badé noempak trém djam woloe ing Pekadja.

Djajawitjara: „Adja mangkat ing wajah peteng, sapisan koewatir, kapindoné akoe déwé, jén mangkat leloengan peteng-peteng ikoe rasané soempeg, noengganga sepoer djami loro baé.”

Kajat: „Manawi noempak spoor djam kalih, bidal saking ngriki kedah djam kalih welas, bentéripoen šanget.”

Djajawitjara: „Lah ja saka ing kéné djam ſapoeloeh ta pira, dadi lakoené lon-lonan.”

Radén ajoe Djajawitjara: „Ija, dik pada mangkata awan baé, jén kowé mangkat ésoek, moendak akoe ora bisa njarapi.”

Kajat: „Noeninggih.”

Daloenipoen boten katjarijos.

Endjingipoen djam sadasa sasampoenipoen landos, kaoendang kakangipoen kaoeloengan sangoe saroepijah, ladjeng sami ma-toer noewoen.

Radèn ajoe Djajawitjara: „Apa kowé gelein takgawani loe-rik, jén gelem tak gawani rong klambi, karebèn diagem bapak karo embok.”

Kajat: „Sendika.”

Djajawitjara: „Beklikoe baé karo embokajoemoe atoerna bapak karo embok.”

Kajat: „Inggih.”

Laré kekalih sasampoenipoen pamitan toemoenten mangkat.

Wonten sakidoelipoen doesoen Goemoelan laré kalih waoe sami soemerep tijang doesoen sawetawis³ medjahi sawet⁴ do-moeng sarana bawakipoen. Poen Kajoen witjanten: „Delengen kang, wong pirang-pirang kaé ora weroeh ing welas, oela ora apa-apa kok pada dipaténi.”

Kajat: „Maténi oela ikoe ora dadi apa, kerana ngoewatiri, jén njokot ndrawasi.”

Kajoen: „Ija bener kang, nanging akoe taoe kroengoe tjrita mengkéné:

Ing désa Sapoeran réh ing kabupaten Wanasaba ana botjah sawatara pada angon sapi ana ing alas terataban. Botjah-botjah maoe arep dolanan bentik, nanging golék kajoe ora oléh, wasana ana botjah sidji weroeh kajoe tjilik ngadeg lempeng ana ing galengan, ikoe bandjoer diketok ngepok, botjah lijané pada ngroeboeng. Bareng kajoe maoe lagi disisiki, galengan maoe obah-obah, botjah-botjah pada kagét, noeli ngadeg kabéh, sarta ngingetak⁵ galengan obah ikoe, kepéngin weroeh apa sababé.

Ora antara soewé ñna oelå gedé metoe saka ing kono, botjah pada loemajoe patiñg slebar, ananging oela ikoe moeng ngojak marang botjah kang ngetok kajoe ikoe baé. Botjah loemajoe sarasané, ananging ora woeroeng ketoetoetan ing oela, awaké dikroewel-kroewel, wasana oela ikoe ora apa-apa, malah ngoetahaké tjoepoe, minangka tanda panarimané enggoné wis ditoeloengi, amarga snoepama kajoe maoe ora kaketok ing botjah, amesti dèwéké ora bisa loenga-loenga déning kepanték.”

Kajat: „Tjarita ikoe kirakoe moeng kanggo toelada, ingatasé oela kena kaseboet ala-alaning kewan, doe e pana ma, apa man eh oewong, j n ora koedo  angloewihana.”

Kajoen: „Dadi tjarita ikoe ora satemen ?”

Kajat: „Lah ija pikiren ta, ana oela bisa ngetokak  tjoepoe ikoe tjoepoe apa, lan maoen  disimpen ing ngendi?”

Kajoen: „Ija bener kang. Lah j n ana wong doe e oedjar (kaoel) mangka soew  ora diloewari, djar  oela ikoe sok teka ang elingak . Prak a ikoe maoen  akoe ora ngandel, nanging bareng akoe weroeh d w , d k si Djakrama doe e kaoel, j n anak  waras enggon  lara arep midang menjang Pasarged , kalingan  bareng anak  wis waras ora midang, ikoe patoeron  ana oelan , akoe bandjoer rada ngandel. Oela maoe ora dikapak-kapakak  soew -soew  loenga d w . Let rong dina Djakrama bandjoer midang, j n ora djar  mesti tjinokot ing oela maoe.”

Kajat: „Oela maoe oela k sas r. O, omongan kaja k ndamoe ikoe soerasan  ang elingak  marang wong, wadjib pada netepana ing djangdjin , krana wong tjidra ing djangdji ikoe agaw  kapiran, lan man eh kaseboet wong tanpa adji.”

Kajoen: „Ija kang bener.”

Saiki s dj  sing dak goenem, maoe bengi akoe kok ngimpi, lelakoe ngambah ing ara-ara djembar, soeket  idjo arijo-rijo, toemoeli moenggah ing poentoek, poetjak  ana wit-witan  godong  mangloeng ing doewoer sendang, banjoen  bening anjarong. Godong maoe tak petik, ingkono akoe nglilir. Ikoe arep apa kang?”

Kajat: „Jah kow  ikoe wong imp n kotakokak .”

Kajoen: „Ora mengkono kang, j n ngimpi, apa-apa kang me tas dak deleng, dak omong, dak roengoe oetawa dak pikir, dadi sing djeneng ketenta, mengkono oega ngimpi, kang tjo-tjog lan kaanan, kajata ngimpi kena ing geni, bareng tangi dje-boel ditjokol tinggi, ikoe akoe ora eram; balik imp nkoe kaprij  mangka ora mentas dak deleng, dak goenem oetawa dak pikir. Lan man eh ara-ara, poentoek, wit lan sendang kang ana ing pangimp  ikoe akoe doeroeng taoe weroeh.”

Kajat: „Ija, nanging rak ija mèmper karo kang wis taoe ko werochi ta?”

Kajoen: „Bener kang moela mengkono.”

Kajat: „Wrohanamoe kang diarani impèn lakoening angeng-angen sadjroning toeroe, kang toewoehé ora kanti sinedya, moeng manoet rasaning awak oetawa pikiran. Jén atimoe ajem, amesti impènmoe mboengahaké kaja maoe bengi ikoe, nanging jén atimoe melang-melang oetawa bingoeng, impènmoe ija noesahaké.

Mengkono oega jén awakmoe kapénak oetawa ora, ikoe impènmoe manoet baé.”

Kajoen: „Ija, kang, saiki akoe wis ngerti, moeng prakara tindihen akoe isih bingoeng. Roemasakoe èngetan ganep, mata wis melèk, nanging dada seseg, arep obah oetawa omong ora bisa.

Lah ikoe sababé apa?”

Kajat: „Sing marakaké tindihen ikoe amarga enggoné mangan koewaregen, oetawa lija-lijané djalaran dadamoe kiwa ketoempangan ing tangan, moelané jén kowé toeroe djaganan, adja nganti tanganmoe toemoempang ing dada kiwa, djer ikoe penering djatoeng, soemberaning getih.”

Kajoen: „O, dadi mengkono, ija kang saiki arep dak ati-ati, jén mapan toeroe.”

Kala samanten lampahipoen laré kekalih sampoen doemoegi ing doesoen Kalisat, toemoenten ménggok ngalér ngétan, doe-moeginipoen ing Pekadja saweg djam setengah kalih welas. Kajat lan Kajoen sami kèndel ing gerdoe, djalaran ingrikoe boten wonten grijja ~~pajadéan~~ kartjis, kartjis toembas ing tram.”

Sadangoenipoen linggih sarta ningali kiwa tengen laré kekalih waoe soemerep grobag kèndel sangandaping goeboeg, ing-kang gadah saha lemboenipoen boten wonten sareng kawaspadakaken tetéla, bilih pasanganipoen toege. Poen Kajoen witjanten: „Kang delengen grobag ikoe pasangané poetoeng, wongé mesti koedoe diroewat, jén ora, djaré dadi pangané Batara Kala, woedjoedé sijal pangoepajané sandang pangan.”

Kajat: „Wong noegelaké gandik, ngroeboehaké dandang ija mengkono.”

Kajoeh: „Ija, ikoe kaprijé kang, mengkono ikoe rak pranatané wong Boeda, ja géne saiki wong wis nganggo agama Islam isih ditindakaké?”

Malah jén kang kebener diroewat ikoe santri, pangroewaté ora sarana nanggap wajang poerwa, sarana dikiran.”

Kajat: „Sing nindakaké ikoe rak ja sing gelem, sing ora ija ora barang-bérèng.”

Kajoen: „Lah slametan roewatan ikoe perloéné apa?”

Kajat: „Jén moëggoeh ing akoe ija ora ana gawéné. Ewadéné karepé kang gawé pranatan bokmanawa soepaja, sapisan: wong kang wis rinoewat ikoe ing boeri-kari angati-atia kapindo: ađedanaa pangan.”

Kajoen: „Jén meñgkono, botjah ontang-anting, gedanagedini, oeger-oeger lawang, sapepadané nganggo diroewat ikoe perloéné ija moeng marang dedana oetawa sedekah?”

Kajat: „Ija.”

Kajoen: „Pangroewat kang sarana dikiran, apa ija mengkono karepé?”

Kajat: „Ora ana bédané.”

Kajoen: „Lah slametan lija-lijané kaja ta: merti désa, slametané wong mati, apa ija mengkono manéh karepé.”

Kajat: „Ija pada baé. (1)

Jén toemrapé wong soegih, slametan oetawa sedekah ikoe ija ora ngapaa, moeng toemrapé wong ora doewé ikoe agawé soesah. Moelané jén wong ora doewé mangka arep slametan, wenang sadoewéné baé, kaja ta: panganan, oetawa wowohan baé wis tjoekoep, ora soesah diréwangi oetang-eetang, mengarah dialema ing lijan.”

Boten antawis dangoe malih tram daténg. Sasampoenipoen kèndel, korining kréta kabikak ingrikoe wonten tijang sawatawis ingkang medak, Kajat kalijan Kajoen ladjeng sami noempak, sesarengan kalijan tijang oegi namoeng sawatawis. Sareng sampoen, tram mangkat.

Boten katjarijos ing margi ing wantji djam gangsal sonten tram doemoegi ing station Toegoe, Kajat kalijan Kajoen sami

(1) Wiloedjenganipoen tijang pedjah oegi ngiras kanggé pénget.

medak, sepoer ingkang mengétan sampoen telas, dados laré kalih waœe loemampah darat malih.

Kajat: „Saiki akoe taRon, apa sababé bangsa Walanda ikoc moelja, bangsa Djawa ikoe asor? Apa ija sabab saka sepatané (ipati-paté) Baron Sekéndér?”

Kajoen: „Kirakoe ora saka ipat-ipat, bokmanawa sabab bangsa Walanda ikoe soegih lan pinter, bangsa Djawa ikoe bodo toer miskin.”

Kajat: „Sing dak anggep moelja ija soegih lan pinter ikoe, déné asor ija bodo lan miskin maoe. La h ikoe apa sababé?”

Kajoen: „Bok manawa wis takdiré.”

Kajat: „O, dadi ija marga ipat-ipaté Baron Sekéndér ta, ikoe ora. Nanging wong Djawa wis wateké mengkono angger nemoe kasoesahan dianggep woes pastiné, kena ing sepata, kena ing ipat-ipat, koewalat lan sapepadané.

Ikoz kang marakaké ora gelem mboedi sarana pambérating soesah oetawa asor.

Moenggoeh pamikirkoe moelané bangsa Walanda ikoe moelja, djalaran moelja boediné, kaja ta kang perloe baé, taberi lan ngati-ati ing samobarang gawé, gemi lan nastiti ing doewéké, temen, kena dipratjaja, toer goejoeb.

Déné wong Djawa oléhé asor ikoe ija sabab asor boediné, kang perloe baé, kesèd lan sembrana ing samobarang gawé, boros marang doewéké ora kadoenoengan temen, dadi ora kena dipratjaja, toer ora goejoeb.

Ing djaman saiki wong Djawa ing kana kéné ngedegaké pa-koempoelan, kanggo ngadjokaké wong tjilik, wis loemrahé kabéh koempoelan nganggo doewit. Soepaja wong sidji lan sidjiné pada pratjaja pinratjaja, kang dadi lid nganggo disoempah, wasanané akéh pangandjoering koempoelan moeng noeroeti kasenengané déwé, bareng kekoerangan doewit, doewit koempoelan dioental malang.

Saka pamikirkoe jén wong Djawa tansah asor boediné, salawas-lawasé ija tansah asor baé.

Ewa déné pamoedjikoe moega-moega lawasing-lawas wong Djawa bisaa mboewang asoring boediné.”

Kajoen: „Ija, kang, bener kandamoe ikoe. Saiki akoe ~~anup~~
takon, kaprijé karepé tjarita iki.?

Djaré pandjenengan Ratoe ikoe jén nggardjar pangkat marang abdiné ora moeng sakarsa-karsané pijambak baé, ananging manoet manoekané abdi maoe. Endi prijaji kang nalika séha katon manoekané ikoe kadjoendjoeng pangkaté. Moenggoeh kang priksa ‘manoekan ikoe moeng pandjenengané Ratoe pijambak.’”

Kajat: „Kirakoe soerasané mengkéné:

Ora ptoet banget kawoela méri marang djadjaré, kang tam-pa gandjaraning Ratoe, krana pandjenengan Ratoe ikoe jén nggegandjär ora moeng sakarsa-karsané pijambak baé, ananging mañuet kapinteran, kasètyan, apadéné kelakoeané kawoela maoe.

Moenggoeh kang priksa kaoetamaning kawoela ikoe moeng pandjenengané Ratoe (para gedé), ora sok wonga.”

Kajoen: „Ija mémper kang jén mengkono ikoe.”

Laré kekalih ladjeng sami geginemban ingkang rémhéh-réméh.

Sareng sampoen djam pitoe langkoeng sakedik Kajat kalijan Kajoen doemoegi ing grija kalijan wiloedjeng saha bingah ing manah.

Tamat.



PNRI



Rabat Perfuksa



PNRI



Balai Postelka

